

Apokalips Chapit 4, Dezyèm Pati

61-0101, Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mwen sitèlman kontan pou m isi a ankò maten an. Mwen te jis ap panse ki jan nèj sa a...Kounye a, si nou te nan Colorado, nèj sa a t ap reyèlman dou epi leje, epi li t ap karant anba zewo. Epi ou te kapab "Hah..." soufle konsa, epi li t ap chanje an pousyè. Epi li t ap konsa pandan tout ivè a. Men kounye a, tankou isit la, nan bagay sa...on jan de mitan, yon zòn mitan, kounye a tan an vin reyèlman mouye epi li fè labou epi li move, e—e li jis sanble ke mwen—mwen swete mwen ta kapab jis vole ale, nan Arizona, epi ret tann jiskaske prentan an vini epi retounen.

2 Se konsa nou tout gen rim, mikwòb yo ak bagay sa yo kounye a jis kouche sou tè a epi li pral jle epi dejle, epi jle epi dejle. Epi sa vini epi nou respire sa, epi pou atrape gòj fè mal, tèt fè mal, ak doulè. E, o, la la, o, la la, ala yon tan, ala yon plas.

Men gen yon peyi lòt bò rivyè a,

Ke yo rele sa dous pou tout tan,

E nou sèlman rive bò rivaj sa a pa dekrè lafwa;

Youn pa youn nou atenn pòtay la,

La pou n demere ak imòtèl la,

Yon jou yo pral sonnen klòch an ò yo pou ou avè m.

3 Se la nou pral lakay nou pou nou rete lè sa a, pa vre? Se jou sa a nap chache.

4 Bon, yè swa mwen sètènman te renmen bèl prèch sa yo ak bagay mwen te tande frè m yo t ap pale. Kote Pat Tyler, èske li isit la maten an? Pat, o, mwen pa t wè w chita la a gwo menm jan ak lavi epi de fwa pi natirèl. E—e mwen—mwen pa t wè w chita la. Premye fwa mwen te janm gen Pat...tande Pat pale; mwen sètènman te renmen sa, mwen sèten ke nou tout te renmen sa.

5 Epi ti frè a ki bay temwayaj fyè sa a nan yon prèch isit la ki te reyèlman sonnen tankou yon machin zam k ap tire. Yon frè, mwen te rankontre l, ki soti an Ohio. Eske li la maten an? Yon kote isit la? Frè Neville te remake apwopo de li ke li t ap tire rapidman.

6 Epi frè JT Parnell. E—e mwen panse ke yo pat janm rive jwenn frè Beeler. E se li, Frè Parnell isit la? Frè Parnell, Frè Beeler? Mwen pa fin sèten, mwen te panse mwen te wè frè Beeler.

7 Limyè sa yo, sa a se yon...Lè yo te bati nouvo tabènak la, mwen espere ke yo ranje tout bagay diferan, yon ti kras diferan. Se premye pa nou an, li eksperimental. E alò si janmè nou gen youn, ebyen, nou vle li yon ti jan diferan de sa; ou pa ka wè; Mwen vle yon tabènak yo dwe bati on jan enkline desann *konsa*, oditwa la. W ap gade oditwa w la tou dwat tout tan. Epi espesyalman nan reyinyon disènman yo, ou ka jis ale nan tout direksyon. Ou wè, ou ka chwazi moun yo *konsa*, jis pa si pa la. Epi menm si ou dwe gen yon ti balkon pou soti, li pi bon.

8 Frè Littlefield, si Billy la, li te rele m yè swa epi I ap voye plan tabènak la mwen te dedikase la a, paske achitèk yo...Frè Wood, li te koute, mwen kwè, senk san dola jis pou achitèk la desine l. Epi li—li ap voye sa ak pri a ak tout bagay ak tout materyèl epi chak dimansyon ensidswit ki fè pati de sa. Epi I ap voye li ban nou, e li vle vini; epi li di li pral wè moun k ap koupe bwa yo ensidswit e pou wè si li pa ka fè yo fè yon—yon koup tankou yo te fè sou pa l la. Se yon trè bèl tabènak, pa trè gwo, men li gen yon bèl estrikti.

9 Alò mwen te di l, mwen di: "Mwen—mwen pral bay li a administratè yo ak dyak yo osito ke w voye bay Billy e—epi nou pral kite yo estime konbyen yo dwe genyen pou kòmanse kontriksyon yo a."

10 Li di: "Lè nou fè sa, mwen pral vini, mete yon salopèt sou mwen epi jis rete drèt avèk nou pandan tan sa a." Frè Littlefield se yon tèl nonm ki gen bonte, yon nonm byenveyan, trè de byen.

11 Kounye a, èske nou tout santi nou prè pou n kòmanse Nouvèl Ane a kounye a? Amèn! Travèse drèt Nouvèl Ane a. Nou vle kòmanse li byen, ap sèvi Seyè a. Konbyen ki leve maten an e ki remèsye Li pou vye ane a ak tout sa l reprezante, epi ki mande Li: "Bliye sa k pase"? Alò, nou te fè sa bò kabann lan lè nou leve, epi nou vini bò tab la e kote anjeneral ki yon ti lotèl pou fanmi an, yo rasable bò tab la epi yo lapriyè.

12 E alò nou toujou eseye fè l yon abitid pou lapriyè chak swa anvan nou ale nan kabann. Mwen genyen, sa, depi odebì lè m te konvèti. Lè m leve yon maten, epi li fè twò nwa epi li fè bwouya pou mwen mache, mwen—mwen pa konnen ki kote m prale. Men si mwen jis mande L pou pran men m epi gide m pandan jounen an.

13 Lè sa a mwen sonje, jis lòtbò lari a isit la, lè m te jis yon jenn gason, Billy Paul te gen apeprè twazan, oswa kat, epi nou te rete jis lòtbò lari a. Yon jou lannwit, li te vle bwè dlo, epi dlo a te nan kwizin lan, louch la te nan bokit la. E mwen di...O, mwen te tèlman fatige, mwen te travay di tout jounen an epi m te preche mwatye lannwit lan. Epi—epi li di: "Papa, mwen—mwen vle bwè dlo."

14 Epi mwen di: "Billy, jis ale dwat nan kwizin nan la, li sou ti tab la." Mwen di...

15 Li leve, li fwote je I, li voye je I gade la, li di: "Papa, mwen pè ale." Ou wè?

16 Epi mwen di: "Ebyen, sa se...se kòrèk." Mwen di: "Jis kouri, cheri, epi bwè dlo. Papa sitèlman fatige." Jis yon ti distans, apeprè bò fenèt sa.

Epi li—li di: "Men mwen pè ale, papa." Ou wè?

17 Ebyen, mwen te leve ak ti kanmarad la. Epi li te rive epi li te kenbe men m, e se te yon bon bagay; nou pa t fè kat oswa senk pa jiskaske li frape yon tapi kote Meda te sire atè a, e sou yon moso prela, epi ou konnen ki jan sa ye. Apre sa, li jis te fè yon glise, men mwen te kenbe men I, epi li jis te kenbe m byen sere. Epi mwen te kanpe la yon ti kras, e mwen te panse: "Bondye, se vre." Ou wè? "Mwen pa vle fè yon sèl pa san Ou pa kenbe men m, paske mwen pa konnen ki lè mwen pral glise." Ou wè? "E osi lontan ke mwen ka santi gwo men pwisan W lan kenbe pa m lan, mwen konnen W ap kenbe m nan tan..." Ou wè?

18 Konsa mwen eseye fè yon abitim ak sa, pou—pou m kenbe men m nan pa I. Epi pafwa mwen te fè bagay ki te sanble ridicil nan pwòp je mwen, bagay sa yo sanble yo sitèlman anòmal nan lespri imen an; men si nou jis kite I pou kont li, mwen dekouvri se te sèl bagay kòrèk ki te ka fèt.

19 Ou konnen, bagay ki pa sanble kòrèk isit la, si Bondye dirije w ladan yo, yo pral gen sans yon lòt kote kèlkong, ou wè, paske Li konnen ki jan pou dirije. Alò, paske nou wè ke Li se gras ki sifi nèt la pou nou, ak tout sa nou bezwen oswa sousi nou genyen se nan Li, kifè, ann remèt tout lòt bagay sou kont Li epi kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a.

20 Nou te konn chante yon chante isit la, mwen pa tandé li chante depi lontan. Kounye a, mwen pa ka chante epi gen...Mwen pa panse ke gen okenn etranje avèk nou. Alò mwen...Se pou rezon sa ki fè m ap eseye ti chante sa yo, ou konnen, paske mwen jis renmen li. Epi Gene, si ou kite sa ale nan kasèt sa a soti nan publik la...mwen konn abitye chante yon ti chante isit la:

Tan an plen ak tradiksyon rapid,

Pa gen anyen sou tè a ki pa ka deplase.

Bati espwa ou sou bagay ki p ap janm fini an,

Kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a!

Konbyen nan nou ki janm tande chante sa a? O, mwen renmen li, pa ou? Ann eseye yon kouplè nan li:

Kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a!

Kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a!

Bati espwa ou sou bagay ki p ap janm fini an,

Kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a!

Ann eseye yon kouplè:

Lè vwayaj nou an fini,

Epi pou Bondye nou te rete fidèl,

Jis ak klere lakay ou nan Laglwa,

Nanm anlve w la ou pral la!

Kenbe men Bondye ki p ap chanje a!

Kenbe men Bondye ki p ap chanje a!

Bati espwa ou sou bagay ki pap janm fini an,

Kenbe men Bondye ki p ap janm chanje a!

21 Ann leve kanpe kounye a jis yon minit pou lapriyè, si ou vle, pandan n ap leve youn nan men nou bay Bondye epi n ap chante sa ankò:

Kenbe men Bondye ki p ap chanje a!

Kenbe men Bondye ki p ap chanje a!

Bati espwa ou sou bagay ki p ap janm fini an,

Kenbe men Bondye ki p ap chanje a!

[Frè Branham ap fredone—Editè a.]

....vwate richès vanite nan mond sa a,

Sa rapidman pouri anba tè,

Bati espwa ou sou bagay ki p ap janm fini an,

Yo pap janm pase!

22 Papa nou ki nan Syèl la, pandan nou kanpe, Seyè, nou jis renmen chante vye chante sa yo, yo desann byen fon nan pati enteryè kè nou epi yo pote ekspresyon lanmou nou pou Ou, Bondye vivan an. Epi pandan nou leve men nou, Seyè, maten an, se te yon ti memoryal ki di: "Kenbe men nou, Seyè." Kòm mwen te di sou Billy Paul, ki jan ke li te kenbe men m, li t ap tonbe si se pat poutèt mwen te kenbe l. Epi, O Bondye, konbyen fwa nou ta tonbe si Ou pat kenbe men nou! Panse ki jan ke li, ki pa gen okenn manman, antan ke yon ti bebe...e ki jan ke...ki jan nan lavi, ke wout yo ke li te pran, li te ka mouri depi lontan, men te gen yon gwo Men ki te kapab rive kote pa m pat kapab rive, e ki te kenbe l. Kounye a, nou sitèlman rekonesan pou sa.

23 Nou sitèlman kontan konnen, Seyè, ke lè nou santi nanm nou separe de kò sa a, ke gen toujou yon men ke nou te ka jwenn pou nou kenbe, pou gide nou lòt bò rivyè a. Nou remèsyé ou pou bagay sa yo, asirans sa a, asirans beni sa a ke nou genyen, yon Ank pou nanm lan, ki kenbe nou fiks pandan n ap mache nan vwayaj sa a oswa navige sou oseyan solanèl lavi a.

24 E nou priye, Papa, ke jan powèt la te di: "Frè ki dezespere a, e ki fènofraj la, lè li wè fèmte nou (sou bato a), lè li wè sa, li va pran kouraj ankò, oswa pran kouraj ankò epi eseye ankò"; nou konnen ke Bondye ki sifi nèt ale a, si nou bite oswa tonbe, gwo men L lan la pou ede nou. Gras Li sifi.

25 Kounye a nou priye, Bondye, ke nou pral kòmanse nouvèl ane a, maten an, nan kantik, nan chante ak kè kontan, epi konnen Bondye ap gide nou nan vwayaj lavi a ak travèse rivyè lanmò a, nan Peyi pwomès la. Je nou gade lòt bò gwo dlo rivyè Jouden an maten an, kote chan trèfl yo avèk chan pye bwa fèy vèt yo ap grandi, epi nou lapriyè, Bondye, pou ke nanm nou sezi vizyon sa a epi pa janm kite l chape. Yon jou lè nou gen pou nou desann nan kouran kote li kwaze a, pèmèt ke, tankou Eli nan tan lontan, Manto Bondye a va frape kouran lanmò yo epi nou va mache sou yo san n pa bezwen pè. Akòde li, Seyè.

26 Ede nou pandan nap apwoche Pawòl Ou. O Seyè, mwen priye pou Sentespri Ou wenn Pawòl sa yo. Nou sètènman ensifizan pou anseye yo, paske nou pa yon pwofesè. Nou konnen sèl fason ke nou pral kapab konnen Se pou gran mèt Pwofesè a vini epi pran plas abitasyon

Li—Li nan kè nou, epi—epi anvayi lespri nou yo yon fason (ak panse nou yo) jiskaske nou va...Li va entèprete Ekriti Sent yo pou nou. Nou solanèlman depann de sa. Epi reflechi sou li, Bondye.

27 O, ala bèl ke yon Papa vivan konsa, ki te soti nan...sa se orijin Letènité a menm, ki ta desann nan yon èt mòtèl epi pou ede nou, epi ki ta pote Pawòl Li epi bay Li nan bouch nou ak kè nou ak zòrèy nou pou nou ka tande L epi viv, pou rachte nou anba yon madichon ke nou pa t gen anyen pou fè ak vini li, Papa, paske sa te fèt pa ras imen an e nou se desandan premye koup sa—sa. “Epi nou fèt nan peche, nou fòme nan inikite.” Men yon Bondye ki jis epi vivan konnen ke nou pa t gen anyen pou fè ak sa, men Li te fè yon fason pou nou sove epi ban nou privilèj pou n vini. Ala kontan nou kontan nou vini nan kay Papa a!

28 Nou priye kounye a, pou Ou beni legliz nou isit la, Frè Neville, brav pastè nou—nou an, enb sèvitè W la. Nou priye pou dyak nou yo ak administratè nou yo, pou Ou ba yo pi gran ane ke yo te ka genyen. Akòde li, Seyè. Ba yo lavi ki long. Fòtifye yo, Seyè, yo se sèvitè W. Se pou yo toujou rete brav nan pòs devwa yo. Beni layik yo, manm yo, pitit cheri byenneme W yo ki vini nan kay sa a. Bondye, nou reklame nanm yo chak ki travèse papòt kay sa a. Nou reklame li pou ou, Seyè. Ede nou pou nou ka minis sa yo ki pral pote Pawòl la sitèlman senp epi sitèlman vrè, pa Sentespri a, ke yo pral anvi vin tankou Ou, Seyè. Akòde li. Geri moun ki malad ak moun ki aflije yo ki vini. E toupatou nan mond lan, akòde li nan tout kay Bondye.

29 Finalman, lè Ou fini, Seyè, pèmèt nou antre nan pòtay Ou yo, chita sou tab byenvini Bondye a, manje, epi viv ansanm pandan laj san fen yo. Annatandan, pèmèt nou gen sante ak fòs, kontantman, lajwa, pouvwa ak pwisans, ak benediksyon Sentespri a pou gide nou. Nou mande nan non Jezi. Amèn. Nou mèt chita.

30 Mwen apresye bon mizik sa maten an. Sa...Mwen fenk rantre, alè, ap pale ak bon zanmi mwen an, Frè Skaggs, ak—ak Frè Gene la, ak yon lòt frè nan pòt la; jiskaske mwen jis te tande yon pati ladann, men li arive ke anrejistreman an te trè bèl.

31 Ki jan nou tout ap jwi Apokalips la? Trè byen? Mwen kwè gen anpil tankou ti fi mwen an, Sara, dèyè a la, li te vin “revolisyon” pou mwen, se jis—se jis revolisyon sou revolisyon. Ou konnen, mwen swete ke nou jis te genyen kounye a jouk anviwon Mas oswa Avril, jis pou nou mete yon gwo gwo twal jouk dèyè a isit la epi jis desann nan lajounen epi desine imaj sa yo ak chema yo nèt, epi jis monte yo epi desann yo tankou estò yon fenèt, ou konnen, tankou mwen te toujou reve pafwa gen yon gwo gwo tabènak kote mwen te kapab lonje men m epi rale chema sa a desann, ki t ap kouvari tout estrad la; epi revelasyon ak entèpretasyon Seyè a ban mwen yo, m t ap pran yon bagèt epi kòmanse la epi montre laj sa yo. E lè nou fini ak sa,

nou t ap woule sa monte, dewoule lòt la desann *konsa epi kòmanse* anseye sou li. O, se t ap jis tankou yon ti paradi, pa vre? Jis chita pandan tout ivè a sou sa, jis ekspoze I avèk Seyè a.

32 Ala sa bon pou rete pou kont ou avè ! Ou konnen, nou te konn chante yon kantik, "Gen de fwa M renmen rete pou kont mwen ak Kris, Seyè m nan, M ka di l 'tout pwoblèm mwen yo pou kont mwen." Ou wè, se fason sa a pou fè l. Yo te konn chante, Roy Davis, te konn chante yon ti kantik, Al kache epi priye ak Jezi. Tout bagay se jis pwen yo ... tout bagay ou ka gade toujou tonbe nan liy Jezi Kris la menm, pa vre?

33 Kounye a, konsènan laj legliz ke n te pale yo, dènye uit jou reyinyon an ... Apre sa yè swa m kwè ke nou te rive sou 2yèm vèsè nan 4yèm chapit Revelasyon an. E m sipoze nou tout nou te isit la yè swa—pou tandem. E konsa M ... petèt si m ta desann youn oswa de vèsè maten an, epi ... Oswa jis ki kote Seyè a ap mennen nou, M pa konnen. M te rive nan apeprè 6yàm vèsè oswa 7yèm vèsè a, jis yon ti kontèks m te ekri poum ka tounen nan diferan pati nan ekriti a pou ka soti bagay sa yo, e kote m te etidye yè a.

34 Epi koulye a, nou reyalize, nou te lese de kote yè swa, m kwè, nan 2yème vèsè a, te kòmanse nan 3yèm nan, m panse ke se sa. Epi nou jis te ekate "Vwa twonpèt la." Eske se pa t sa " Son Vwa a"? Kite m li l nèt pou n ka retounen koulye a: Apre sa, m te gade, epi, men ni, yon pòt te louvri nan syèl la. Premye vwa m te tandem a se tankou yon twonpèt ki t'ap pale avè m. ki te di, Vin monte pi wo, epi mwen pral montre w bagay sa yo ... ki dwe vini apre sa. Menm lè a, m te antre nan Lespri : E men ni, yon trwon te drese nan syèl la, epi yon moun te chita sou trwone nan. Epi moun ki te chita sou trwone nan ... moun ki te chita a te gen aspè ... pyè jasp ak ... pyè sadin: e te gen yon lakansyèl nan alantou twon lan, ki te sanble ak yon pyè emwòd.

35 Kounye a, se mayifik sa, Oo, yon bèl lesion! E maten an, jis anvan m te desann, m tap gade nan vèsè 6 la, m te panse, "Oo, my, m paka pase rapid sou sa a, paske gen yon bagay nan 6yèm vèsè a m vle ke tout moun yo tandem reyèlman byen, lè n rive sou bèt sa yo. " Diferan definisyon de bèt sa yo la a, lè n tounen nan orijinal la, youn se yon kalite e lòt kat yo se yon lòt kalite. Youn se yon zannimo, nan lang grèk la, tankou "zannimo sovaj." Lòt sa a pa byen tradwi nan wa Jak la, paske se pa bèt, se "Kreyati vivan." Epi ki kalite Kreyati sa yo, ki sa yo te ye, yo pa t imen ni te Zanj. Kidonk, yo te "Kreyati vivan," epi kouman fè yo te gen kat figi ak kat ... Oo, may, nou ramne sa a Levanjil la, epi ramene l e plase l jodi a osi pafè ke jan l ye isit la. Epi, sonje, kat se yon nimewo terès. Ou wè? Epi se jis yon bèl lesion, e konsa mwen-mwen vrèman sèten ke nou pa pral randre nan sa; nou ka petèt. Men, se tèlman ekstraòdinè!

36 Lè sa a, si Seyè a vle, nan moman sa a si n bò isit la, petèt Dimanch pwochen nou ka eseye sa ankò; eseye, avanse, wè si n ka fini ak 4yèm chapit sa a anvan nou met deyò. Nou déjà pa konn egzakteman ki kote n pral kòmansman an premye.

37 Bon, nou jwenn sa a apre, "Apre bagay sa yo." Apre vle di "Apre laj legliz yo te sispann."

38 Apre sa, yo te mande Jan pou I moute pi wo, "monte pi wo", "ki vle di: "monte isit la." Li te montre I tout sa ki pral rive nan mond lan nan-laj Legliz la. Alòs, apre laj legliz yo te fini, nou jwenn Lè sa a ke Jan te yon tip chak vrè kwayan ke Kris pral konvoke nan syèl la. Se vre? Konvoke w, "Monte pi wo."

39 Epi nou jwenn ke Vwa sa a ki te pale avè I la se te Vwa yon twonpèt, klè, san di petèt, e se te menm Vwa a ki te pale avè I isit la sou tè a. Ou wè, toutotan Li te nan mitan sèt chandelye lò yo, Li tap pale ak ... oswa de. Oo, m renmen sa, "anpalan de chandelye yo." Ou wè, Li te nan chandelye yo, ap pale apati de yo ak Legliz li a. Apre sa, lè laj legliz la te sispann, Li te kite tè a epi li te monte nan syèl la epi I te rele Rachte I yo avèk li. O, eske sa pa bèl? M—M ... Oo, sa jis fè kè m bondi.

40 Epi sonje, pandan ke n ap mennen bagay sa yo, m vle espesyalman ke jèn konvèti yo tankou Sè Ina isit la a, oswa, e Ina, pito, ak mari I, e Rodney ak-ak madanm li, epi Charlie e lòt yo, pou konprann bagay sa yo, ak anpil nan jèn ki fèk antre nan Seyè a, ki pa t rive trò Iwen liy lan ankò, ki jis goute I, e wèl bon e ke I bon e byenveyan. Koulye a, remake sa a, bagay sa yo ke n ap pale a, sa n ap eseye fè se etabli lafwa w, ke lè Bondye di yon bagay li dwe rive. Li jis tou senpleman pa pral fayi! Pa gen pwoblèm ... Li ka sanble I nan yon milyon kilomèt ... el pa janm ka rive, men Bondye ap pral deplase I tribò babò epi fè I rive. Epi I fè sa pou teste w.

41 Gade sa I te di Abraram. "Mennen pitit gason on lan anwo sou tèt mòn lan epi touye I ", apre I te finn tann li pandan ven-senk lane. Li di I : -Mennen I anwo a laa epi touye I. E kouman sa ... ? "M pral fè w papa nasyon yo."

42 Epi Abraram, santan daj; madanm li, katrevendis; ak sèl pitit yo a ... Abraram te gen environ san kenz lane lè sa a. Konsa I te di, "Kouman I pral fèt, kouman—kouman sa pral fèt? Si mwenmenm , yon vye granmoun, osi vye ke m ye la a, epi te tann pandan ven senk lane ... Ou fèm pwomès la swasann-kenz lane, e men mwen ak yon santèn lane. Sara te gen swasannsenk lane, epi kounye a li gen katrevendis. Kouman sa? Aprè nou fin gen ti bebe sa a ... Epi ou te di m lontan sa, ven-senk ane de sa lè m te gen swasannkenz lane, m t pral gen ti bebe a apre ke m tap viv ak Sara tout tan sa a, m te esteril epi li pa t kab fè pitit. Kidonk, kouman sa? Epoutan, ou rann mwen fètil epi fè I fètil, e apre ou vini, e ban n ti bebe sa a. Epi

nou te elve I isit la jouk li gen kenz lane, e atravè timoun sa a Ou te di ou ta beni moun lòt nasyon yo ak tout nasyon nan mond lan, epi fè m yon papa pou menm moun lòt nasyon yo, fè m yon papa. Apre sa, nan tan ki gen pou vini yo, Seyè, ke w ta fè m yon papa pou tout nasyon ki anba syèl la atravè pitit sa a. Epi atravè timoun sa a ta vin gen yon Redanmtè, e atravè Redanmtè sa a ou ta rachte ras imen annantye. Ki jan w pral fè I, Seyè? " Se pa t panse Abraram, se pa t kesyon Abraham lan. Obeyisans! Li pa t di, "Ki jan w pral fè I?"

43 "Se pa pwoblèm pa m. Ou te di I, Epi, m konn Pawòl ou jis, si w ka kenbe pawòl ou avè m epi w ka montre m lè m te gen swasann-kenz lane; lè w te rele m epi w te di, ' Separe w epi fè wout pou yon peyi etranje, 'M te nan peyi sa a depi ven-senk lane. M te kite, yon vye granmoun, M tap viv ak yon madanm ke M tap viv depi I te yon ti jenn fi, "li se demi sè m. "E apre mwen li- ... tout tan sa a. Epi w ban m ti bebe sa w te pwomèt la; Mwen te resevwa I tankou youn ki vin de lanmò. Men, si w di 'touye I', ou kapab resisite I ankò. " Oo, may! Se fason an sa, se li sa. E L te fè I.

44 Epi osito ke I te obeyi Bondye nan plenitud li, li te bwose cheve Izarak soti nan figi I, li te rale lans lan pou touye ... pwòp pitit gason I, sèl pitit gason I lan. Bondye tap montre yon modèl, ap montre nou. Pou kisa L te fè sa? Li pat oblige. Men, Li te fè sa pou oumenm ak mwen, pou n te ka gade bagay sa yo nan jou fènwa terib sa a kote kè lèzòm tèlman plen ak mechanste, pou n te ka konnen ke Bondye kenbe pwomès li yo. Pe enpòt jan I ta sanble ensifzan, ki jan I ta ka enposib, Bondye toujou rete Bondye e I kenbe tout pwomès ke I te fè yo.

45 Se sa m ap eseye di w lè n kanpe isit la nan yon sèvis gerizon. Ou kanpe isit la, ou di, "M malad." Epi w ... pa gen okenn dout, ou malad. Men Bondye kenbe pwomès li! Lè sa a, li pral desann. Koulye a, ou wè, Li te fè yon ekspyasyon isit la ke L-ke I ta geri w. Se sa L fè. Kounye a, sèl bagay li mande w pou fè se kwè sa, akwoche w a li menm jan ak Abraram.

46 "Ebyen, doktè a di m pral — M pral viv yon jou an plis."

47 M pa gen pwoblèm. Se kòrek, se tout sa lòm konnen, se tout sa ke I konnen. Kouman Abraram te pral resevwa timoun sa a apre li te deja lonje I anwo a, epi Pawòl Bondye a te di I "al touye ti gason an"? Ki jan I pral fè I? Se pa sa kesyon an. Bondye te di fè I epi se regle. "Kouman m pral geri epi doktè a di ke m pa ka geri?" M ... se pa mwen ... mwen ki pou kesyone sa; sa pran Pawòl Bondye a. Epi osito ke I revele a oumenm ke w pral geri, Lè sa a, ou-ou jis raple w ke w pral geri. Pa gen anyen k kab anpeche w genyen I. Se sa. Ou wè?

48 Konsa kan Abraram konplètman nan obeyisans ... Ki jan I pral fè I? Nan dènye moman an, dènye senk minit yo rive, dènye twa minit yo, de dènye minit yo, dènye minit la, dènye trant segonn yo, dènye segond lan rive, lè men an te deja leve pou pran lavi ti gason an, Bondye

te di, "Rete la menm . Rete la menm, Ou wè. M wè ke w reyèlman kwè mwen. Koulye a, mwen jis fè sa, Abraram, pou montre Branham Tabènak la nan jou kap vini yo, ou wè, sa k ap pase yo, ke yo dwe kwè mwen. Yo pa dwe doute de mwen ditou. Kwè Mwen!"

49 Jis nan moman sa a, li ... Men yon sakrifis te la a, li pa janm fè l pou granmesi. Non, li pa janm fè sa pou granmesi, paske sanzatann yon - yon mouton tap rele, yon ti belye te kwoke ak kòn li yo nan dezè a. Konbyen fwa nou te pase pa la. Kouman belye sa a te rann ni la a? Kouman, atravè tout bèt sovaj yo? Yon santèn de kilomèt de sivilizasyon, pami Lyon, chakal, chen mawon, tout kalite bèt sovaj nan fon bwa sa a, anwo sou tèt mòn lan kote k pa gen dlo ni zèb, sa l tap fè la a? Bondye te kreye l, jis mete l la a.

50 Epi pou wè L nan jou nou ke n ap viv lan! Koulye a, maten an M pral gen pou fè yon pakèt - bagay pèsonèl pou di sa, pou m jwenn sa m vle di a. Se poutèt sa m andose sa a janm fè l la, anvan m kòmanse ak sa. M vle w konprann ke bagay sa yo ki sanble pèsonèl la, yo pa vle di pèsonèl. Yo sèlman te itilize pou ba w yon egzanp ke fwa w ta dwe repoze solanèlman nan lafwa ki nan Kris la, ou ta dwe repoze sou pwomès li yo. Paske Bondye kenbe pwomès li jis osi pafè ke l kapab, lap montre nou kounye a.

51 Epi gade a menm Jewova Jire sa a, jan ke Abraram te rele l la, ki nan lang ebre vle di "Bondye ap founi pou tèt li yon sakrifis". Bondye ka fè sa. Li te fè l nan fason l. Si L te di ... Li te di Noe ...

52 Ou te di, "Ebyen, se te sèlman Abraham." Non. Li te di desann atavè tout laj yo, epi lap di l toujou.

53 Li di Noe la ba a, ke, Alòs ke nou pral antre ladann maten an, "Se kisa, li pral fè lapli. Poukisa pa t gen... pa t janm te gen yon nwaj nan syèl la. Pi gwo kouran dlo a se te yon branch kote Bondye te aroze sol la, yon ti sous dlo kèk kote. Se te pi gwo kouran dlo k te genyen.

54 Koulye a, moun di, "Ki jan nan mond lan pral gen dlo tonbe sou tè a ki soti an lè a? Montre m kote l ye anlè a nan tout solèy cho sa a, si pa gen anyen anwo a. "

55 "Si Bondye te di, 'bati yon lach, ke sa ap vini,' se zafè m pou batilach la e prepare m, 'paske l ap vini. Li se Jewova- jireh , Li ka founi dlo a anwo a. "

56 Epi sèl bagay li te fè se te kite lòm, estipid, nonm enbesil, fè egzakteman ak syans li, pou reyalize sa l konnen an kap rive. Bondye pa janm detwi mond lan; lòm detwi mond lan. Bondye pa detwi anyen, Bondye ap eseye prezèv tout bagay. Lòm detwi tèt li ak konesans li, tankou l te fè nan jaden Edenn lan nan pyebwa a, elatriye. Kidonk kèk fanatik met men sou kèk pouvwa atomik, yon kote, ke yo te genyen l.

57 Yo-yo te kapab travay avè lè sa a, paske yo te kab fè de bagay nan epòk sa a yo avèk li ke n pa t janm te aprann ankò. Nou pa rive osi lwen. Petèt sa pran twa oswa kat lane ankò, oswa plis, anvan nou ka fè l, fè sa yo te fè. Yo bati piramid yo ak sfenks yo elatriye. Nou pat janm ka fè sa. Nou pa t kab repwodui sa, pa gen okenn fason pou ke nou fè l, sèlman sof si nou ka jwenn yon pouvwa atomik. Pwuisans gazolin, pwuisans elektrik, pa tap kab leve youn nan yo gwo wòch sa yo, pa tap deplase l de sol la. E kèk nan yo te wotè yon bildig, an lè a, epi yo peze yon milya tòn. Kouman yo tap monte yo la a? Ou wè, yo te konnen.

58 Epi yo te kite l lib, yon moun kite youn nan bonm atomik ale nan ekran yon lòt ladan yo, nan epòk sa a. Paske "Jan l te ye nan jou Noe yo, jan l te ye, kalite sivilizasyon sa a, kalite moun entelijan sa yo; jan l te ye nan epòk Noye a, se konsa sa ap ye, se konsa sa pral ye lè Fis Lòm ap vini. Yon repetisyon de sa l te ye a! Ou wè?

59 Isit la pa gen lontan, yo te detere yon sitèn dlo modèn, se te anba a – anba la a nan Meksik anvan inondasyon antedilivyen an . Nou te wè l? Li te nan jounal la, kote yon sitèn modèn jis tankou sa n gen kounye a, kap koule tèlman byen lwen anba tè a; kèk jan de bagay atomik te kouvri l. Li jis eksplode epi monte sou li konsa. Ou wè?

60 Kounye a, "jan sa te ye nan epòk Noe a," mesye entelijan yo, mesye entelijan yo avèk pouvwa atomik yo e tout bagay, te kapab bati piramid ak sfenks elatriye. "Jan l te ye nan jou sa a, se konsa l pral ye." Men, travay la dwe pi kout nan jou sa a, 'paske ap gen moun ki pral pati nan anlèvman an. Tankou Enòk, ap gen yon pèp kap transpòte anwo. Nou nan kategori sa a maten an, moun yo ki te transpòte tankou Noe yo se te atravè inondasyon an.

61 Men raple nou, anvan ... Pa bliye sa! Anvan yon sèl gout lapli te tonbe, anvan te gen yon sèl bagay nan syèl la, anvan Noe te janmen - janmen fini lach la, Enòk te ranmnen lakay. Enòk te anlve san konnen lanmò, li jis te kòmanse mache yon jou, epi-epi gravitasyon pèdi priz sou li. Apre sa, li te gen yon pye yon ti kras pi wo, e lòt pye a yon ti kras pi wo, e yon lòt pye yon ti kras pi wo, e premye bagay ou konnen, li te di, "Adye, mond lan." Jis mache ap monte nan Laglwa.

62 Epi lè Noe te gade toutotou el pat ka jwenn Enòk okenn kote, li gade toutotou li pa konnen ki kote Enòk te ale, li di: "Li lè pou n rive konstwi lach la kounye a." Ou wè? Epi l te ale travay sou kontriksyon lach la pou transpoze rès la.

63 Se menm bagay la ki rive isit la menm. Legliz la te monte nan syèl la, e Jan kounye a te anlve ansanm avè l kòm yon tip moun ki resiste yo, jan nou te pran l yè swa a. Epi n te jwenn ke menm Vwa sa a ki te some l pou l gade anba sou latè, se te menm Vwa sa a ki te some l pou l monte anwo.

64 Oo, chak kretyen! Menm Vwa a, Charlie, ki te some w yon jou a anba a nan Kentucky, pou "retounen," se menm vwa a ki pral konvoke w, "Monte !" Èske w pa kontan pou sa, Frè Evans? Vwa a ki te di, "retounen," menm Vwa a te di, "Monte!" Oh, may! Men li, ala yon konvokasyon! ala yon reyalite! Klè, egzak tankou yon twonpèt, "retounen, sèvi m! Monte kote m ye a. "

65 Se la a nou te wè l ki tap reprezante moun ki te mouri yo, Moyiz pou reprezante moun ki mouri yo; Rose. Eli, ak gwoup li a nan dènye jou a, ak gwoup anlve l yo te kanpe la a. Tout moun devan Seyè Jezi a! Jan te revele ke ... Jezi te di yo ke l-li pa ta mouri, e kisa l ta fè pou yo si l ta viv jiskaske l te wè vini l lan. Disip yo te pati you rimè ak pawòl sa a.

66 Oo, m swete m ta kab rantre reyèlman, reyèlman pwofon kounye a menm, pou kèk minit, pou legliz la. Tout moun konnen ... Epi tout moun viv yon lavi prive ak Bondye. Se yon zafè endividylè, bagay Lespri kap mennen w de kote ou pa tap menm oze pale de sa.

67 M te remake sa nan pwòp ti ministè m nan, ministè ki enb, ke gen anpil fwa ke map di yon bagay epi m pa konn poukisa m te di l, epi l pa sanble kòrèk (Men ankò, yon moun va di yon bagay.), men m pral siveye e bagay sa a pral vin jis osi pafè apeprè jan l ka vini an. Bondye ap fè l rive! Lè m jis vle di yon bagay, m pral di, "Oke, kounye a, tann yon minit. Endividé sa a, entèl—entèl, sa a pou rive isit la, kounye a sa—saa jis dwe fèt fason sa a. " Bon, vrèman, M-M pa konn poukisa m te di l. Epi premye bagay ou konnen, li jis fason sa. Bondye ki fè !

68 Kounye a, lè disip sa yo te di, "Oo, Jezi te di nonm sa a pa ta mouri." Jezi pa janm di sa. Jezi te di, " Kisa sa fè w si l viv jouk mwen vini?

69 Men ou wè disip yo te pati yon rimè avek sa, epi Jezi te lonje men l, li te pran Jan, li mennen l anwo a, epi kite l pratike tout bagay la, gade repetisyon Vini Seyè a. Jan te wè Legliz la, li te wè fen laj Legliz la, li te wè fen jwif yo, li te wè Dezyèm Vini an, li te wè tout òd an.

70 Epi gade sa Bondye te gen pou fè; bouyi l 'nan grès pou apeprè ven-kat èdtan anba a la a, pou fè yo wè ke l te diven, ke Lespri diven te wenn nanm- ich a ... (ki deyò, soil- ich , oswa kèlkeswa sa w rele l', nan chè imen), te tèlman Divinman enpresyonen l jouk grès cho kap boule pandan vennkat èdtan pa t 'menm boule l'. Vin eseye bouyi Sentespri a ki nan yon nonm; ou pa ka fè sa. Apre sa mete l sou zile a nan Patmos, epi l te ekri Liv la, apre l retounen preche plizyè ane. Hmm. Hmm.

71 Sèten, kounye a, li te dwe pote yon move non, "Li te yon divinò , li te yon sòsyè." Konbyen moun ki konnen ke yo te rele Jan yon sòsyè? Absoliman! Yo te rele Jezi konsa, tou. Ou wè? Gade, mond lan pa konn anyen sou bagay sa yo. "Li te yon lektè panse." Ou wè? Yo te di ke "Li te tèlman yon sòsyè jiskaske l anvoute grès sa a, ke grès la pa t kapab boule l paske l te anvoute l," jis paske li pa t dakò ak lide Katolik yo. Se te jis sa.

72 Li te yon sèvitè Bondye ki ... enb, li te gen yon ti misyon laba a ke li tap okipe. Li pa ta ka dakò avèk gwo vye bagay sa yo, e konsa Bondye jis kenbe I, konsève I. Li te fèl konsa pou: Sen Martin ak-ak Irene, epi toutolon laj la.

73 Epi I ap fè menm bagay la jodi a, ap desann tou dwat. Koulye a, pa janm blyie sa, ke Bondye te pwomèt gwo sekouses, ak gran, ekstròdinè zèv. Koulye a, ekri sa a nan nòt ke wap ekri yo (Ou wè. Ou wè?), Ke sa lòm rele "ekstraòdinè e pwuisan," Bondye rele I "foli!" E sa moun rele "foli", Bondye rele I "Ekstraòdinè!" Pa blyie sa, ou wè, pa blyie I. Sa ap ede w nan ane kap vini yo, paske n ap chèche yon bagay ki pi gran tout tan. Epi n ap resevwa pi gran tout tan, men moun nan mond lan pa konnen I. Ni yo pa t konnen l' nan tan Noe a, ni yo pa t 'konnen I nan jou Jan an, nan jou Jezi a, nan jou apòt yo, nan jou Irene, nan okenn jou sa yo, yo pat janm te konnen I.

74 Menm Jeanne Dak, li te yon ti dam, sanktifye. Lè I pa t 'anyen lòt ke yon ti jenn fi, Bondye te pale avè I nan vizyon, epi yon zanj te pale avè I. Ou konn sa legliz Katolik la te di? "Li se yon sòsyè." Apre sa, yo mete I 'sou yon poto e boule l' jouk li mouri, prèt Katolik yo te fè I; te touye I ', kondane I poul mouri kòm "yon sòsyè," epi Jeanne Darc te mouri tankou yon sòsyè. Apeprè de san lane pita, yo te jwenn li pa t 'yon sòsyè, li te yon disip Kris la.

75 Yo te fè menm bagay la tou pou tout sen yo. Jezi di li: Kilès nan nou ke papa nou yo pa t 'pèsekite? Kilès nan pwofèt yo ki te janm vini e yo pa refize I? Li te di, "Oumenm miray blanchi." Li te di, "Ou-ou desann epi-epi w gani tonm pwofèt yo, epi se oumenm ki mete yo ladann." Hmm! May! May! Ou wè? Li pa rale okenn pwenson sou yo. Hmm! Li jis di yo.

76 Jan di: "Jenerasyon koulèv sa a, kiyès ki te avèti w pou w kouri pou kòlè k gen pou vini an? Pa kòmanse di w gen Abraram pou papa w. " "Nou fè pati kèk gwo òganizasyon sa yo." "Èske w se yon kretyen?"

77 "Oo, m se yon metodis. M se yon presbiteryen. M se yon panntkotist. " Sa a pa ladann ditou. Sa a pa plis pou fè pase-pase-pase-nèj fè ak solèy kap briye. Ou wè? Sa pa gen anyen pou I wè ak sa. Si w se yon kretyen, ou se yon sèvitè Bondye ki nedenouvo.

78 Bon, koulye a, lè Jan te vini, nou te wè I yè swa. Koulye a, sonje, lè w rive sou sa a ... Pou kontèks bagay la, mwen-mwen te di w lè sa a. Sonje byen, mond lan ap resevwa sekous ki pi difisil li te janm genyen, kounye a, legliz mond la.

79 Kounye a, sonje, pa gen dout, nan epòk Jan an, epòk Jezi a, te gen gwo fèt e gwo oratè nan epòk pa yo, gwo entelektyèl, e yo te atire dè dizèn de milye fwa dè milye de moun. Kisa Kayif ta fè si I ta mande yon reyinyon ansanm? Li ta rasanble tout Jerizalèm, li ta rasanble tout pèp Izrayèl la ansanm, de gwo pilye a poto. E Tout nan yo di, "Oo," "Koulye a, si Kayif di tèl-

tèl bagay, sa pral mayifik ." "O, èske w kwè nan Ekriti yo, Mèt, Reveran, Doktè, Evèk? Èske ou kwè ekriti yo? " "Sètènman, m kwè ekriti yo, m se yon entelektyèl ki note!"

80 "Dakò. Koulye a, Bib la te di la a ke pral rive yon tan pral gen, 'Tout mòn yo pral sote tankou ti belye, tout fèy yo pral bat men yo, epi tout kote ki wo yo pral aplani plat atè, tout kote ki ba yo pral elve byen wo. Epi sa pral fèt pa vwa sila kap rele fò nan dezè a. ' Eske w kwè sa, Mèt, Reveran, Doktè, Pastè? " "Sèten, m kwè sa!" "Kouman l pral rive?"

81 "Oh, Bondye ap voye yon nonm vanyan sou latè yon jou. Oo, li pral remakab. Li pral vwa sila kap kriye nan dezè a, oswa li pral anonse Mesi kap vini an. E lè l vini, pa gen okenn dout nan lide m men li pral desann soti nan syèl la epi desann nan tanp lan. Li pral desann la menm nan tanp lan isit la e di, 'Kounye a, nou pral pran tout Women yo epi bat yo a mò. Se fini. Nou pral terase tout Women yo. ' Epi — epi apresa li pral di, 'desann non, Mesi a!' Epi Mesi a pral desann, epi nou pral fòje tout sèp nou yo an ... oswa epe nou yo an charèt, e pap gen lagè ankò. " E, enm-enm, sa a se entèpretasyon pa yo.

82 Men kisa k te pase lè l rive? Ki sa ki te rive? Pat te gen okenn afichaj nan syèl la, sa yo te janm wè; te gen yon sèl, men yo pa t wè l. Yo pa t wè li. Ou wè. Ki lè tout mòn yo te sote tankou ti belye? Kilè tout kote ki wo yo te aplani epi kote ki ba yo te elve? Yon vye predikatè ak figi l plen bab soti nan dezè a epi pa t menm konn ABC l. Selon listwa, li te al nan dezè a lè l te gen nèf lane epi li pa janm parèt ankò jiskaske l te gen trant lane. Li te nour l de krikèt ak siwo myèl sovaj. Krikèt se sotrel, krikèt long sa yo.

83 Yo manje yo tout tan. Bon, ou ka achte yo isit la menm nan ... pa panse ke sa pa bon, paske wou ka achte yo isit la menm nan makèt la si w vle yo, vonvon, myèl, krikèt, sèpan a sonèt, tou sa w vle, ou wè.

84 Konsa, li te viv de krikèt ak siwo myèl sovaj. Ala yon dyèt sa ye! Men pouvwa Bondye te kenbe l'. Li pa t abiye ak kol l li vire toutotou; tankou yon moun te di yè swa, Frè Parnell oswa kèk nan yo. Li pa t 'abiye ak yon redengòt ak ke, e tout sak vin avè l. Li te sot nan dezè a ak yon gwo, vye moso po mouton vlope otou l. Kòm m te di a, petèt ... Nou dwe pran yon douch chak jou, e petèt li pat janm pran youn chak twa oswa kat mwa, la ba a nan dezè a. M pa konnen. Li pa t twò enteresan pou gade. Li pa t gen okenn chè. Li pa t ale nan okenn gwo vil ni gen gwo kanpay. Li te kanpe deyò a bò rivaj rivyè Joudan an, labou bal nan jenou l, li di, "Oumenm jenerasyon sèpan, ki moun ki te avèti w pou kouri soti pou kòlè Bondye a ki gen pou vini an?" Hmm. Se lè sa a kote ki elve yo te aplani, ou wè, epi kote ki aplani yo te elve. an-han. Wi, mesye.

85 Apre sa, premye bagay ou konnen, yo tap atann ke Mesi a desann ak zanj yo e bagay sa yo, epi yo poze kò yo anba ovan yo deyò a la a epi tanp kote yo te bati pou l vini (tankou n ap bati pakèt gwo plas sa yo jodi a atravè nasyon yo elatriye). Ou wè? E kilè l te vini? Li te kontoune tout sinagòg yo, tout òganizasyon yo, epi li desann nan yon etab. Yo fòse l al ladann.

86 Se sa l ye jodi a. Li te fòse bagay sa yo, fòse yo fè li, fòse yo pou yo entenominasyonèl, paske mesaj li a pa kolabore ak denominasyon. Mesaj li jodi a, te preche pa predikatè l yo, ki se entènominasyonèl paske denominasyon yo mete l deyò. Bib la te di sa. Li te deyò a, ap frape, ap eseye antre (Ou wè?), Nan pwòp legliz li. Se la a l ye. Ou wè, se jis menm bagay la jodi a.

87 Konsa, raple nou, sa k sanble gwo pou lòm, li piti devan Bondye. Ebyen, se pou rezon sa a ou pa bezwen gen yon bann flè. Epi lè Bondye vin ankò, lè Jezi vin ankò, ou pral sezi, se ti lesivyè pa dèyè nan koulwa a. An-han. Ou pral sezi, se endividé sa a ki pa di anyen, ki kenbe sekrè l pou limenm epi ap tounen anron devan Bondye, tou enb. Ou pral sezi. Se pral si- ...

88 Mwen te preche pa gen lontan, nan jijman an ... Sipriz yo nan jijman an. Ou pa pral sezi wè kontrebandye a la, li konnen l prale. Sèten. Ou pa pral sezi wè mantè a, adiltè a, tout bagay la a, ki pat la . Men pral gen sipriz la, e pral gen desepsyon, sila yo ki panse yo ta pral ale; an-han, wi, e Lè sa a, yo te rejte yo. Moun ki te di, "Bon, tann yon minit, manman m 'ki te fè pati legliz sa a, papa m te fè pati legliz sa a, granpè m 'ak granmè m. M te yon manm la a tout lavi m. "

89 "Wete kò w sou mwen, ou menm k'ap fè mechanste, m pa t 'menm konnen w."

90 Gade nan epò kote ti, ansyen Simeyon an, yon enkoni, san repitasyon, nou pa konn anyen de li nan Bib la. Men Bib la te di, "Sa te revele a limenm pa Sentespri a", (Se la l ye; se la a ou ye.) "Li p'ap mouri toutotan l pa wè —Kris Seyè a."

91 Koulye a, gade ki moun ki te Jan Batis la, ou jan de endividé ki te parèt vye, yon bichron ki sòt nan bwa. Sa te revele a limenm. Li te vin preche mesaj la. Gade sa a! Ki moun ki te ti Ann lan?

92 Ti vyèj la, Mari, anba la a nan - vil Nazarèt la (M vle di tankou Jeffersonville) epi kote peche ak tout bagay te layite, men li te kenbe tèt li pi paske l te konnen yon jou gen yon Mesi kap vini. Ou wè?

93 Jozèf, yon bòs chapant, te pèdi madanm li epi—li t ap koutize ti fi sa a. Epi se te la a ke Sentespri a te vini. E apre sa, mond lan antre ladann ak move non, tankou "sen kap tranble, panntkotist ." Ou wè, gate non l yo. "Poukisa, paske, l... timoun sa a te fèt andeyò lyen maryaj."

Ou wè, yo te kwè sa, e l te sanble se te sa. Men Bondye fè sa pou avegle je saj yo, ak pridan yo el te revele L a ti bebe tèlke nou pral aprann li an.

94 M espere ke gen ase fondman pou lè mwen frape yon bagay apre sa. M pral montre w. Ou wè lwl sa a? Bon, sa m te di, kontèks lan, pou wè ke se pa lòm, se Bondye, m pral pwente sa a. Dakò.

95 Koulye a, "Vini monte pi wo," se te Vwa a. E lè l te louvri, li tandé twonpèt la sonnen, epi imedyatman Jan te an Espri - li te an Espri, epi osito ke l te rantre an Espri li te kòmanse wè bagay sa yo. Ou kòmanse wè bagay lè w antre an Espri. Premyèman ou dwe antre an Espri. Eske se vre?

96 Kounye a, e si w te ale nan yon match bezbòl, epi w di, "M sèten ke m renmen bezbòl." Um-hum. Epi w chita nan premye ranje devan, la menm nan plas rezève w e wap gade Yanki oswa Bulldogs, nenpòt kisa kap jwe a. Epi, yo tout gen yon gwo match la ba a.

97 Epi bò kote w la jis sou pwen pèdi, e toudenkou modèn Babe Ruth brandi baton l konsa e di, "na wè pi lwen an lè a?" Li te gen 3 nonm sou baz la. "Whammy!" Apre sa, li fè yon sikwui; wete chapo li e vante tèt li, mache nan direksyon premye baz la e gade toutotou, tout mesye yo; ale nan dezyèm baz la, bay dezyèm bazmenn nan lanmen; mache, mache tou dousman tou dwat lakay li, koube l ... Kisa, may ! May! Rèl yo, sote ponpe yo, ,braye, "bouraha!" Poukisa, yo ta ...

98 Mwen an reyalite wè yo pran sa yo ... Ou sonje vye chapo pay kady a? M te ale nan yon match bezbòl yon jou, m te wè yon nonm frape yon sikwui. Epi nonm sa a ki te chita devan m ak yon chapo pay, li te vin tout eksite; pran chapo l', li jis rale l' desann, li mete yon kòl otou l konsa sa kote tèt la soti a. Poukisa, li te gen yon bon tan ! Li-li te tèlman pèdi tèt li ke l pa t konn sa l tap fè. Jis ap choute, ap rele e ap kriye e ap sote. Bon, kounye a, ou konn ki sa m panse, se sèten ke l te ... li te yon ba - ... li te yon ... li te renmen bezbòl. Li te yon fanatic bezbòl, jis tankou yon fanatic sigarèt oswa yon fanatic wiski.

99 Mwen se yon fanatic Jezi. Wi. M jis renmen sa. M ... Si w yo dwe yon fanatic Jezi, ou wè, yon fanatic de yon bagay.

100 Apre sa, ou ta ka imajine ke moun di, "Oo, sèten, m se yon fanatic bezbòl." Epi ekip li a sou pwen pèdi, epi yo wè l tounen epi genyen match la konsa, li gade toutotou epi, "Yeeeeeh, li sipoze ke tout bagay te ale byen." An-han. Li di, li "renmen bezbòl." "Oo, li son'on bagay!"

101 Ou ta di, "Kisa, ou pa renmen I, pa vre? Gen yon bagay ki pa mache avè w! " Chak bon fanatic bezbòl ta di, "Ki sa k pa mache ak misye sa a? Yon bagay ki pa kòrèk avè I ". Gade I 'chita la a. " Huh! Se jis konsa ...

102 Mete de a de ansanm koulye a, ou wè. Oo, lè w se yon fanatic Jezi, epi w santi ke Sentespri a ap koule nan pawòl sa yo, Lè sa a, genyon bagay ki fè w pouse yon kri! Oo, ou trwouve ke w pèdi tèt ou!

103 Mwen espere ke nonm sa a padonnen m ', li chita tou pre isit la. Gwo, kanmarad ki chita isit la grann tay ak cheve nwa, ki te kanpe la a a yon jou lannwit nan sal la, epi yon moun te di yon bagay jan an ... èd, ou konnen, ki ta beni l 'konsa. Epi pòv ti jenn nonm nan te gen yon moman terib, m konnen I - madanm li te kite I, li rele I' pou yon divòs paske I te renmen Seyè Jezi a. Se sa. Epi yon moun te di yon bagay sou Jezi, ou konnen, li te yon jan youn nan fanatic li yo. Apre sa, li te al nan lagè epi I te pran bal, ak tout bagay sa yo, ti jenn nonm nan te; M te gen pitye pou li. Li antre lakay li ak yon ... pitit li yo ak madanm li. Apre sa, li-li te pwomèt Seyè a ke I ta sèvi I, e osito ke Seyè a kòmanse beni I, li te annòd avèk Bondye, madanm li jis vire ale, te mande I divòs epi kite I. Kite I 'mete deyò nan fredi a. Men li toujou yon fanatic.

104 E lè li te kanpe la yon swa epi yon moun te di yon bagay konsènan Jezi, yon bagay tankou, kijan Li te gran, li te di: "O, Glwal!" Li te balanse men I e men pwen I ki t ap tape sou mi an konsa. Li pat reyalize li te fè sa. LI te gen pwen I ap tape sou mi an. Li te di: "Frè Bill, m ap peye pou sa."M kwè Frè Wood te vini e I te bouche I, li te ranplase I. Sa pat deranje nou, Frè Ben, nou jis--nou jis ke w te kontan ou te yon mons. Ou wè?

105 Lè Sentespri a fè yon bagay pou ou, ou jis paka ret trankil, gen yon bagay k ap bouyi moute. Amèn. Wouw! Ya! Gen yon bagay ki ponyen w, ou tounen yon mons pou Kris. Lè w renmen Seyè a, jis gen yon bagay nan ou k ap lanse, ap trape, ou grangou ou swaf, Jezi te di: "Benediksyon pou sila yo, paske yo va ranpli. Benediksyon pou sila yo ki sèlman swaf, ke w te genyen L ke w pat genyen L." Konbyen moun ki vle genyen plis Bondye? Dakò. Ebyen, jis poutèt ou vle plis Bondye, ou beni pou sa. Si w pat genyen L, ou beni kan menm. "E benediksyon pou sila yo ki grangou ak swaf." Ou beni. Paske gen anpil moun ki pa bezwen L.

106 Ou sonje mesaj mwen an yèska a? Ou wè, tankou yon gaga, li te kenbe bwat la pou I te jete kado a. Ou wè? Pa pran jis bwat la, pran Kado a. Dakò.

Bon, *menm kote a...an espri: e, men ni, yon twòn...te drese nan syèl, e gen youn ki te chita sou twòn lan.*

107 Kounye a, remake, on tijan pita, ou pito, nou te pran I yèska, mwen kwè, sou Twòn sa a ki...Nou jwenn dabò pat gen anyen sou Twòn lan, e kounye a gen Yon Moun lan sa montre

ke Jezi te vini avèk Legliz Li anwo a nan Laglwa e Li te chita sou Pwòp Twòn Li. "Chita sou Twòn lan," sa se apre aj Legliz la. Bon, kounye a, nou vle ale nan sa apre yon titan.

108 Kounye a, ou di: "Ebyen, ki kote twòn Li ye jodi a?" Bon, Frè Neville, si m ta pase sou sa, ou va fè m sonje apre yon titan, "Ki kote twòn Li ye kounye a si L pa sou Twòn Li nan moman sa?"

Li pa sou Twòn Li kounye a. Non, mesye.

109 Dakò, bon:

E sila ki te chita te gen aparans tankou...pyè presye jaspe ak...sadwàn: te gen yon akansyèl toutotou twòn lan, ki te sanble...te gen aparans tankou emwod.

110 Kounye a, annou pran vèsè 3, pou kòmanse. Kifè "pyè presye jaspe," Sila a ki te chita sou Twòn lan, ou te oblige gade L...Nan lòt mo, lè w te gade L, Li te tèlman esplandid, tèlman bèl! O, mwen anvi wè L. Ou pata renmen wè L?

111 Yon jou...mwen sonje Sè Cadle, Sè Howard Cadle, m kwè anpil lan nou sonje l. Mwen te lòtbò lari a la, epi madanm ki chita la te ka sonje jan li te santi l frèt, nan chanm lan. E mwen te leve, m te gen yon vyep, ti...se te yon ti fou toupiti laba ak yon...nou te konn fè pen nan fou a, sou fè tiyo yo. Epi mwen...li te fè vrèman frèt e van an t ap soufle, se te ivè, te gen nèj sou planche a, desann ak van nan chemine a, e m pat ka reyisi bagay sa limen, pou sove lavi m. E m sa te tèlman nwi mwen. Mwen te foure kèk bout bwa antre, sa te ka menm sote l. Billy te frèt e li menm tou, m t pa eseeye fè dife. E sa te bay ke radyo a t ap jwe epi (kèk minit anvan, sa te jis byen chofe, sa k te pase), e Sè Cadle t ap chante, "Kan m va atenn Peyi sa, ki byen byen lwen, mwen vle wè Jezi. Ou pata renmen wè L?" O, la la!

112 M te jis rete la nan pyès a e m te jis la kòmanse ap kriye. Ou konn jan l te konn chante, byen ba, ak vrè vwa zwazo dous li a. Mwen vle tandem lè m va travèse fwontyè a lwen laba; li te di: "Mwen vle wè Jezi. Pa ou menm?"

113 M te panse; "O Bondye, wi, mwen vle wè L yon jou. Kan tout flè yo va ap flote, m vle wè Jezi." Kijan...Wè L sou Twòn Li, wè bote L, wè jan Li esplandid! E si mwen...O, m vle kanpe kote Jan te ye a, pou m ka jis kanpe ap gade L.

114 Isi a sa fè kèk tan, anba...nan tan esklavaj. M ap di sa nan plas zanmi nwa m yo ki ki isit la maten an. Te gen yon nomm nwa aje e li te...ta pral nan yon ti kote, yo te abitye ale.

115 E yo te konn abitye fè sa anba nan Kentucky, ap chante. Petèt Manman Cox ak yo ka sonje lè yo te konn abitye ale ap chante, ou konnen, soti al nan kay yo e yo te konn jwe yon

òg, jennjan yo epi tout ap chante. Yo te konn abitye fè sa anwo la nan Utica, ak toupatou nan peyi a. Kounye a yo pran yon ka wiski, kèk kote deyò a pou yo òganize fèt wòkennwòl.

116 Men, apre sa yo te chante kantik. Youn nan vye kantik sa yo, te gen yon frè nwa, aje ki te sove. E Seyè a te rele l pou preche, epi jou apre a li t ap fè tou a pou di esklav sou plantasyon an. Li te di: "Seyè a te sove yèswa e Li te rele m pou preche frè m yo."

117 E finalman sa te rive nan zòrèy pwopriyetè ranch lan ou pito pwopriyetè plantasyon an. Li te rele l antre, pou di l: "Sambo, m vle w, antre isit la." Li te di: "Monte nan biwo m."

Li te reponn: "Wi, msye," li te monte nan biwo a.

118 Li te di l: "Ki bagay sa m tandé w ap gaye pamí esklav yo, pamí konpayon sa yo deyò laba, ki se men m, ki se esklav pa m, koze ke Seyè a rann ou lib?"

119 Li te reponn: "Wi, msye." Li te ajoute: "Patwon, m se esklav ou." Li te di: "Ou te achte m ak lajan w, men..." Li te di: "Men fason ke Bondye te rann mwen lib yèswa a, se Jezi ki te libere m de yon plen peche ak wont, epi yon vi ki gen lanmò. Li te libere m."

Li te di l: "Sambo, èske se sa w vle di vrèman?"

Li te reponn: "Se sa m vle di."

120 Li te di: "Mwen te tandé yo di ke w pral kòmanse preche bò isit la pou pèp pa--pa w la nan plantasyon yo ak lòt kote."

121 Li te reponn: "Ya, msye!" Te di: "Se sa m konte fè, preche moun mwen yo Levanjil sa."

Li te di: "Ou vle vrèman vle di sa, Sambo?"

Li te reponn: "Se sa m vle vrèman di."

122 Li te di l: "Vini, avè m anba nan--nan lakou a, mwen menm tou m pral ba w libète w. Ou lib pou mwen, e ou libere ou pa esklav ankò. M te achte w, ou te pa m, men m ap libere w pou w kapab preche pèp ou Levanjil." Li te desann e li te siyen liberasyon an, ou pito pwoklamasyon an, e li te libere. Yo pat kapab vann li ankò kòm esklav. Li te yon nonm lib pou l preche Levanjil.

123 Li te preche pamí frè l yo pandan dè zane. Anpil moun blan te konvèti anba ministè li. Yon jou lè vye zanmi an te rive pou l mouri. Li t ap preche depi trant oswa karant lane, oswa plis. E kan lè l te rive pou l mouri, li te lonje lan chanm lan, e anpil nan frè blan li yo te rasanble toutotou nan pyès lae yo te panse li te deja pati depi de oswa twazè d tan. Alò lè finalman li te reveye e li te gade toupatou nan pyès la, youn te di...

“Sambo, kote w te ye?”

Li te reponn: “O, èske m retounen isit la ankò? Èske w tounen ankò?”

Yo te di: “Sa k pase, Sambo?”

Li te reponn: “O, m te travèse al nan lòt Peyi a.”

Yo te di: “Rakonte nou sou sa.”

124 Li te di: “Ebyen, m te antre, nan Prezans Li.” E di: “Lè m te kanpe la a,” li di: “Te g on Zanj ki t ap mache, di: ‘Èske non w se: Sambo Entèl entèl?’”

Li te di: “Wi, mesye, se sa.”

Li te di: “Antre.”

“M te pwomennen anndan an, e m te gade L ki te chita la.”

125 Li te di: “Sambo, vin isit kounye a, apre ou te fin wè L mwen vle w, soti la, nou vle ba w wòb ou, nou vle ba w ap ou, nou vle ba w kouwòn ou.”

Sambo te di: “Pa pale m de ap, de kouwòn, ak wòb.”

Li te di: “Men ou te ranpòte yon rekompans, nou vle ba w rekompans ou.”

126 Li te di: “Pa pale m de...konsènan mwen menm...konsènan rekompans.” Li te di: “Jis kite m kanpe pou gade L pandan mil an. Se sa ki va rekompans mwen.”

127 M panse se apeprè jan nou tout santi nou, “Jis kite m kanpe gade L.” O, m pral oblige gen yon differan kò ke sa m genyen kounyen a, chak fib nan kò w jis ap gade L.

128 Men Jan ki te kanpe e ki te wè L chita sou Twòn lan, e Li “te tankou pyè jaspe ak sadwan.” Bon, tout bagay epi chak mo gen yon siyifikasyon nan Bib la. Bon, “pyè jaspe ak sadwan.”

129 Bon, si w remake, sa konpare ak rès Ekriti yo. Nan dènye pati Ekriti Lèzekriti, Li te Alfa, Omega, Li te Kòmansman e Lafen, Li te Premye e Dènye, Li te Papa, Pitit, ak Sentespri a. Li te “tout nan tout” ki te anpile nan Li. Matye 17 montre ke Li...anwo sou Mon Transfigirasyon an, se te tout nèt ki te rasanble nan Li.

130 Bon, “jaspe” se te yon--se te yon pyè, e “sadwan” se te yon pyè. (Kounye a, n ap rive nan koulè yo apre yon ti tan.) Bon, m vle w remake ke chak patryach yo lè yo t ap fèt, ya, chak moun, gen yon pyè-de-nesans. Pa mwen, mwen te fèt an avril, se dyaman. E dieran mwa

reprezante diferan pyè. Ebyen, patryach yo se te menm bagay la. Chak fwa ke yon patryach, lè li t ap fèt, li te...gen yon pyè-de-nesans.

131 Jis pou stope egzakteman la jis yon ti moman. Kan manman Ebre sa yo...Kite m montre w yon Pawòl Divin, zanmi, pou fwa w ka bati sèten nan Pawòl Bondye a. Chak fwa, manman Ebre sa yo, kan yo te gen tranche, ap pene nan doulè akouchman, to fè...pou bay timoun sa yo nesans, kri pawòl menm yo te lanse nan akouchman te bay nonm lan (sètadi ti bebe ke l te fè a) non li, e sa te plase l nan pozisyon l an Palestin kote li ta pral ye nan moman vini Seyè a. Doulè akouchman nan manman sa a! Tankou, *Efrayim* ki vle di “toupre lanmè.” Ou wè? Epi yo te bay Efrayim pòsyon pa l la toupre lanmè. Sa te di, *Jida* te vle di...M pa konnen sa mo a vle di, men m te ka chwazi l. Bon, ou wè, se la ke m vin pa gen tan an, nan ti bagay kout sa yo, lè pou w rete sou bagay sa yo. Men apre sa pou w retounen, epi *Jida*, kèlkeswa sa l vle di a, siyifi pozisyon plas li pami timoun Izrayèl yo.

132 Pran Jenèz 48 e 49, ou va jwenn la ke Jakòb, lè li t ap mouri, pandan l te apiye sou baton l, avèg de jye, li te bay pozisyon timoun sa yo kote yo ta pral ye nan fen mond lan. E yo tabli nan pozisyon yo drèt la kounye a depi yo te retounen lakay yo. Li te di parapò a Joseph, “Ou se yon pye rezen ak anpil fwi bò miray,” ou wè, “toupre pwi,” dlo. Li te ale la. Li te di: “Ou te plase konfyans ou nan Seyè Bondye a. Ou te bande ak ou byen solid” (Etazini. Ou wè?) “nan Seyè a, men yon jou pye rezen sa t ap tounen ankò sou mi an.” E Men ni, drèt la kounye a. Jis egzakteman sa l te di sa fè prèske twa mil an pase, jis ap retounen. Li te di konsènan Efrayim ke pye li te tranpe nan Iwil, e Efrayim te tabli jis la kote gwo pwi petròl yo ye. Jis egzakteman.

133 Kri doulè moun sa yo, kisa k te nan mòtèl sa yo? Bondye te pran fib yo e t ap bouje nan yo!

134 Sa te sanble ak lè Anpi Women an te epapiye yo a, lè lòt te epapiye yo, lè Hitler te rayi yo, dè dizèn de milye fwa mil, li te ponpe lè nan venn yo e yo te mouri, ou te ka kò yo pandye sou kloti ak ti bebe yo ak tout lòt bagay konsa, ak zosman...ke yo te pran pou fè fètilizan ak zosman yo. Te konn jis pran yo la pou ba yo piki, mete yo nan pak wagon tren. Apre sa fè yo soti, nan moman yo t ap soti a, menm depi kòmansman an, yo t ap chante: “Mesi a pral vini e nou pral bwè san rezen an ankò.” Lè yo te desann, ap mouri, Jwif sa yo, ap mache tout dwat deyò a la, konsyan ke kèk ti batman anplis ankò e kè yo ta pral rete. E konsa yo t ap desann, ap chante, “Nou pral wè Mesi a byento.” O, la la! Ap fabrike fètilizan avèk zosman yo.

135 Anpil lan nou sòlda yo isit la nou konn sa e nou te viv li. Mwen te kanpe sou teren kote yo te boule yo ak tout lòt bagay konsa, la, Hitler ak lòt yo. Epi gade Stalin ak Larisi ak tout lòt yo,

yo te fè menm bagay la. Se vre. Men pou Jwif sa, sa k te pase? Yo te fòse I tounen nan peyi I. Men kote yo kanpe.

136 Kounye a, m gen gran fim sa, *Twa Minit Anvan Minwi*. Lè Jwif yo te antre, yo t ap mande yo, reponn: “Poukisa n ap retounen la, pou mouri nan peyi nou?”

137 Yo te reponn: “Nou vini pou wè Mesi a.” Amèn. Hmm! Nou lan fen tan an.

138 Yo chak nan timoun sa yo lè yo t ap fèt, yo te gen yon pyè-de-nesans. E kan Arawon, souvren sakrifikatè sou tèt chak nan timoun sa yo, te konn gen plak pektoral la sou li, ak tout wòb li. Se sa mwen vle gade jis on tijan pi lontan, pou antre nan vèsè 6 sa, paske sa ap devwale chak senbòl Ansyen Testaman an jis ladann. Chak...tout materyèl ak tout bagay nan Ansyen Testaman an se te yon modèl sanble ak sa w te wè nan Syèl la, sa te repwodwi pou èt imen.

139 E men plak pektoral Arawon an, li te yon souvren sakrifikatè. Remake, pyè-de-nesans chak tribi te reprezante la. Youn, yon pyè-de-nesans, te plase pyè pa I la la a; tribi Efrayim, tribi Manase, tribi Gad, tribi Benjamen, yo tout te reprezante la. E se konsa...Apre sa yo te pran pyè-de-nesans sa yo, bèl jèm sa yo, pandye yo sou poto a konsa. E si yon pwofèt te pwofetize, pou w konnen si se vre ou si se pa vre, yo te konn mennen I devan Ourim Touim sa e yo te konn kite I bay pwofesi I la; si Limyè sakre a te limen la epi te kòmanse ap fè pyè sa yo flashe ansanm, se te Bondye ki t ap reponn. Se te pou tout tribi yo tout nèt, yo tout, yo chak.

140 Bon, konsènan koze sa, premye pyè a. Premye a, konbyen moun ki konn kilès ki te premye pittit la? Kijan I te rele? Ribenn. Dakò. Kilès ki te dènye a? Benjamen. Se vre. Pyè-de-nesans Ribenn se te “jaspe,” pyè-de-nesans Benjamen se te “sadwàn.” Yo te dwe konsidere L tankou “Ribenn e Benjamen,” Premye e Dènye, Sila ki te la, Ki La, e Ki Va Vini an, Li te Alfa (A) nan alfabet grèk, Omega (Z) nan alfabet grèk. Li te Premye, Dènye, Li te depi Benjamen jiska Ribenn, depi Ribenn jiska Benjamen. O, la la! Men Li k te la, “Ap kontample kòm pyè sadwàn e pyè jaspe.” Li te chita sou Twòn sa!

141 Alarenmen nou tout ta renmen wè L chita sou Glwa Li? Ann tounen nan Apokalips 21:10, rapid vit, pou jis jete yon lèy sou Li la. Dakò, 21: 10 a 11.

E li te pote m mennen m lwen an espri sou yon gro

montay byen wo, pou montre m gwo vil la, Jerizalèm sen an, ki t ap desann sot nan syèl Bonye a,

Avèk glwa Bondye:...Avèk glwa Bondye: e ekla l te tankou pyè ki pi presye, sanble ak...jaspe..., klè tankou kristal;

142 “Ekla Limyè l.” Limyè a! Kilès ki Limyè a? “E Vil la pat bezwen solèy, paske Ayo a te Limyè menm.”

143 Pyè “jaspe, sadwàn”. Glwa Bondye se Jezikri, Glwa Jezikri se Legliz Li. E Li te Premye. Kisa L te ye? Li te Kòmansman tan, Li se Fen tan. Li te Premye nan patryach yo, Li se Dènye nan patryach yo. Li te Legliz ki te nan...Li te--te Espri ki te nan Legliz Efèz la, Li se Espri Legliz ki nan Lawodise a. LI se Premye e Dènye, A jiska Z, Premye, Dènye, Sila ki Te la e ki Va Vini an, Rasin e Desandan David, Etwal le Maten an, Lis nan Vale a, Woz Sawon an! O, gen katsan kèk tit nan Bib la ki pou Li. Jis panse a sa, sa L te ye! E poutan Li te Seyè Jezi ki te rabese L la pou L fèt nan yon etab pou glwa Bondye.

144 Tout sa ki enb, fè atansyon a li paske li kòrèk. Tout sa ki gwo se yon chemiz pwa plim, kifè pa pote atansyon a sa; ou wè, se yon pakèt van, e pa gen anyen ladan l. Dakò.

145 Kounye a, “Yo te dwe konsidere L antan ke pyè jaspe e pyè sadwàn.” Annou retounen dèyè. Èske w...dakò? Nou gen yon ti tan, se pa vre? Nou gen ankò karant minit. Annou souliye, ann tounen nan Ezekyèl¹. Retounen dèyè nan Bib la nan Ansyen Testaman, nan Ezekyèl, e annou li la kote Ezekyèl te wè L, tou. Epi konpare Ekriti sa yo kounye a pou wè ki kote nou ye. Ezekyèl chapit 1, dakò, kounye ann li pou yon ti moman. Bon m pral li senk premye vèsè yo, e apre sa nou va li , mwen te make la, apati vèsè 26 jiska 28. Men annou li premye vèsè pwofèt Ezekyèl chapit 1 kounye a. Dakò:

E sa te rive nan trantyèm ane, nan katryèm mwa, nan senkyèm jou mwa a,...M te pam i kaptif--pami kaptif yo toupre rivyè Keba,...(Èske se sa, Keba? K-e-b-a, keba.)...e syèl la te louvri, e mwen te gen yon vizyon Bondye.

E nan...(Siveye kounye a.)...Nan senkyèm jou mwa a, ki te mwa ke w te jwenn kaptif wa Joakim yo,

Pawòl Seyè a te vin dirèkteman jwenn Ezekyèl, pitit gason Bouzi, sakrifikatè, nan peyi...Kaldeyen toupre rivyè Keba; e men Seyè a te...sou li.

Mwen te gade, epi, men ni, yon toubyion van te soti lan nò,...

146 Siveye pwofèt sa la, senksan katreven kenz lane anvan vini Kris la, gade jan vizyon l lan te konpare ak pa Jan an:

...yon toubiyon van te soti lan nò, yon gwo nyaj,...dife t ap deplwaye poukont li, epi ekla te anvayi l, e nan mitan l te gen koulè anb, ki t ap soti nan mitan dife a.

Epitou nan mitan l te soti yon manifestasyon tankou kat èt vivan. E men sa aparans yo te ye; yo te sanble a...yon nonm.

147 Remake, koulè Lespri Bondye ki te sou tèt aparans kat Kreyati sa yo, se te anb. Anb se yon koulè vèr ki al sou jòn. Kounye a, siveye, vèr-jaunat...Li te revele Tèt Li bay Ezekyèl; nan mitan vizyon Ezekyèl la, Limyè sa ke l te wè ap vini sou tèt kat Èt vivan yo te vèr-jonat. Kan L te vin kot Jan, Li te parèt nan koulè *Emwod* ki te "vèr-jonat." Li vini kounye a jwenn sila ki resevwa revelasyon an nan koulè vèr-jonat la. Li vin jwenn nou nan koulè vèr-jonat la, Limyè a! Mache nan Limyè a, Li se Limyè a.

148 Ann al nan vèsè 26 la kounye a, pou nou ka li jiska vèsè 28 la. Vèsè 26:

E anwo fi...

O, lè nou rive lakay nou, mwen vle nou make sa pou nou ka li chak ti detay ladan l.
Pou sove tan:

E anwo fimaman an ki te anlè tèt yo se te tankou pyè, ki gen aparans pyè sadwàn: e sou aparans twòn lan se te tankou aparans yon nonm ki anlè...l.

149 Se te Fis De Lòm lan, ou wè, Kris. Kounye a siveye kijan L te ye, kijan L te abiye la:

E mwen te wè tankou koulè anb, (siveye, toutotou Fis de lòm sa) tankou aparans dife toutotou anndan l-anndan l, depi aparans otè senti l...

150 Koute! Ke nou ase espirityèl, antre nan bon konprann nou, ak pwòp kè nou la. Mwen mete nou an gad nan Non Jezi, gade sa pou nou menm! Men jis sonje kijan se yon benediksyon!

151 "Ès..." Annou reprann ankò nan vèsè 27 la. Tande, tout moun! Ke nou vrèman antre nan konprann nou kounye a!

E mwen te wè tankou koulè anb (sa se vèr-jonat), tankou aparans die toutotou...l, (Dife toutotou vèr-anb lan. Bon:) depi aparan senti l monte anwo, (Depi senti l ap monte.) e depi aparans senti l...ap desann anba, mwen te wè tankou se te aparans dife, e li te gen ekla briyan toutotou. (Dife nèt toutotou.)

Tankou aparans yon ak an koulè nan tan lapli, se konsa aparans ekla briyan toutotou a te ye. Sa a se te aparans ak resanblans ak glwa Seyè a. E lè m te wè sa, mwen te tonbe sou fas mwen, e mwen te tande vwa youn ki te pale.

152 Siveye! Èske nou prè? Tande! kenbe sa kounye a, jis sonje, se te pou nou te konnen. (Gene, ou ka kenbe bann sa.) Tande! (Non, m pa oblige mete sele sou li la, se kòrèk. Mwen vle di jis kenbe bann lan; pèmèt sa pou Legliz la.) Remake sa a! Bon, pou nou kapab konnen ke koulè Limyè se sa tou pou Seyè a, se anb, vèr-jonat. Se menm koulè Limyè ki avèk nou jodi a, kòm lasyans te pran foto L, vèr-jonat, anb.

153 Kan m te yon ti gason, e m te wè L premye fwa, nou sonje, ansyen yo isit la. Mwen te konn toujou di nou I anvan yo te pran foto aktyèl la, "Se te vèr-jonat, ki se anb." Bon, pou fè nou konnen ke Espri Seyè a...

154 Li te di, li te wè I depi senti Kreyati vivan ki te kanpe nan prezans li, "Depi senti I ap monte anwo sa te tankou dife, yon Limyè depi senti I ap desann anba, sa te kouvri ak Limyè. E toutotou nèt te gen anpil koulè tankou akansyèl." Èske se vre?

155 Mwen vle nou sonje, ke Bondye toujou egziste nan menm koulè yo, "depri senti I ap monte, dife, koulè anb," yo te pran I avèk yon kamera fim oswa yon kamera an koulè, "anb depi senti I jis anwo, depi senti I jis anba, e toutotou nèt, anpil koulè menm jan ak akansyèl nan syèl la apre yon lapli." Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan! Sentespri a toujou nan pwisans Li, toujou nan Legliz Li nan dènye jou yo. Men ni. Se pa mwen, m te jis kanpe la, men se te yon foto ke yo te pran. Mwen vle w gade sa, jis egzakteman sa Ezekyèl te wè a. Menm koulè yo, menm jan an, e li te aji menm fason an, epi elimine menm jan, pou Kreyati vivant yo. Kisa sa ye? Kreyati vivant yo reprezante Legliz vivan, Legliz k ap viv ak pwisans ak rezirèksyon Kris la. Menm koulè anb sa yo te kouvri I depi sentil ap monte, depi senti I ap desann.

156 Tan devinèt fini, lasyans te pran foto a! Gade koulè yo, jis gade koulè dife k ladann. Ou wè? Akansyèl la. Gade koulè emwod-jonat sa. Bon, nan kamera sa, se te jis yon senp kamera yon fotograf. Nan kamera sa te gen koulè, papye imaj an koulè, mak Kodachrome koulè. Gade koulè emwod la ladan I. Si m te ka plase sou yon limyè kèk kote pou nou te ka wè I dèyè a. Èske nou wè kounye a? "Tankou yon akansyèl, gade band yo k ap fè va e vyen tankou akansyèl," yo chak on koulè diferan. Nou pral antre nan sa nan kèk minit, kisa koulè sa yo ye e kisa yo reflete?

157 O! Sa jis fè pov kè mwen sote ak jwa. Pou w konnen nan tan n ap viv la, ke Kris...pandan ke tout lòt teren se sab mouvan, tout lòt teren. M ap panse, "Poukisa m paka di sa? Poukisa m paka fè mond lan wè L?" Mond lan pat fèt pou I te wè L. Mond lan pap wè L, yo pa gen dwa janm wè L! Men Legliz ap resevwa sekous ki pi tèrib Li pat janm resevwa!

158 Nan jou sa yo yo pat kapab pran foto L. Yo kapab kounye a paske yo gen aparèy mekanik yo. Sila yo k ap eseye itilize mekanik pou renye Bondye, fè demi tou pou pwouve gen yon Bondye. Se vre, "Emwod." Bon, sonje, m pat janm envante sa, m ap li l pou ou soti dirèk nan Bib la. Siveye pandan m ap li a, e gade, epi sesi ke Se menm Seyè Bondye a, pa gen okenn diferans. Siveye vèsè 27 la:

E mwen te wè...koulè anb, tankou aparans dife...

159 Ou wè, tankou lang ak flanm. Ou wè? Koulè anb ki vin de dife. Ou sezi l kounye a? Anb, se koulè anb ki vin de yon dife. Pi ba la li di:

E aparans tankou yon ak, oswa yon akansyèl, jou apre lapli,...akansyèl, jou apre lapli,...

160 E te gen yon--yon "Kreyati vivan." Kisa Jan te reprezante, Legliz an antye, ki te monte. Kite di w. Yon moun la nan yon vizyon ka reprezante Kò Kris an antye, ki te an sekirite! Kounye a, siveye:

E mwen te wè...koulè anb lan, tankou aparans dife...avè l, ak aparans...depi aparans senti l ap monte, e depi aparans senti l ap desann anba, mwen te wè tankou se te aparans dife,...

161 Obsèye, gade dife a k ap repann. Ap soti de kisa? Akansèl la, ak sèt koulè yo. Bon, obsèye, genyen egzakteman sèt koulè la, e akansyèl la gen sèt koulè.

...Mwen te wè tankou se te aparans dife, e li te gen ekla briyan toutotou.

tankou aparans yon ak ki lan nyaj yo nan jou lapli, se konsa aparans ekla briyan toutotou a te ye. (Toutotou Twòn Bondye a, ou wè.) Se te aparans lan ki sanble ak glwa Seyè a.

162 Pa Seyè a, kounye a, men glwa Seyè a. Glwa Seyè a ki ap kouvri Legliz Li paske Li nan Legliz Li! Amèn! O, sa sonnen tankou foli pou ensanse a, men ala gran Sa ye pou sila yo ki kwè. En-en.

...Se te aparans epi aspè glwa Seyè a. E kan m te wè l, m te tonbe sou fas mwen, e mwen te tanse yon vwa ki te pale...

163 Bon li te kontinye pou di sa vizyon an te vle di, sa nou pa gen tan pu antre ladann maten an.

164 Kounye a, remake jan Seyè a nan grann mizèrikòd Li bannou bagay sa yo.

165 Bon ann pran yon lòt. Toulède Ezekyèl ak Jan te wè L nan mistè koulè ak Limyè L, e yo te idantifye L a “koulè anb.” Pita Jan...Ou menm k ap mete... Nou k ap note Ekriti yo, Premye Jan 1: 5 a 7. Jan, pita (li te sou il Patmòs la pandan apeprè twazan lè I te ekri Liv la), lè I te retounen, yon nonm aje nan katrevèn dis li yo , nan Premye Jan 1: 5 e 7, li di: “Bondye se Limyè.” Jan te fè yon eksperyans, li te wè L e li te konnen ke Li te Limyè, Limyè, Limyè Etènèl; pa limyè kosmik, pa limyè lanp, limyè elektrik, limyè solèy, men Limyè Etènèl! O, ala m renmen Li. “Bondye se Limyè.”

166 Remake, nou pral tounen dèyè pou rekòmanse kounye a e wè kote nou ye. Vèsè 3 a toujou, èske w dakò? Èske n ap pran I? Mwen espere. Dakò:

...li...te dwe konsidere tankou pyè jaspe ak sadwàn: e te gen yon akansyèl...otou twòn lan, an aparans tankou emwod. (Vèr-jonat.)

167 Bon, “akansyèl,” nou remake se te yon akansyèl. Annou retounen nan Jenèz 9 pou nou jwenn, nan Jenèz 9:13. Nou tout nou renmen Sa? O, m renmen Sa! M pa jis apresye S, mwen renmen Sa! Gade:

M plase efektivman ak mwen nan nyaj yo, e sa va sèvi kòm siy (Siveye!), siy alyans lan ant mwen e latè.

168 Kisa? “Ant Mwen e Noye”? Non. “Ant Mwen e latè.”

E sa va rive, kan m va fè nyaj vin anlè tè a, ak la va parèt nan nyaj la:

E m va sonje alyans mwen, ki--ki egziste ant mwen e nou...

169 Bon Li te retounen ak alyans Li ant yo, men alyans akansyèl la...Ou wè, alyans se te lavi pou Noye, kòm kwa Li te epaye I, men alyans ke Bondye te fè avèk Tèt Li a se te yon akansyèl, ke Li pata pral...Kounye a, m pral montre nou sa alyans Noye a te ye avèk Bondye, nan yon minit. Men sa a se te Pwòp alyans Bondye avèk Tèt Li, amèn, yon akansyèl.

170 Bon, konsa nou jwenn ke yon alyans se yon “siy,” yon siy. Bondye di se te yon “siy”la, se pa vre? Ou wè?

Mwen...plase...Mwen plase efektivman ak mwen nan nyaj yo, (Sa se apre destriksyon mond lan, ki te detwi ak dlo; tout chè, eksepte Noye--Noye, te detwi.) e sa va sèvi siy yon alyans antr mwen e latè.

171 Pa “Mwen ak mond lan.” Mond lan se yon “kosmos.” Ou wè? Men se “ant mwen e latè.” Bondye di: “Mwen te fè tè sa. E Mwen te konstate tèlman mechanste, ke Mwen jis te vire I a

lanvè pou mete I an pyès. E--e Mwen--Mwen--Mwen--Mwen te oblige fè I, petèt." Li te di: "Mwen--Mwen men te regrett, se te yon bagay tèlman tèrib."

172 Kisa w panse ke sa va ye lè Li va vini nan kolè Li kounye a? Mete w annòd, zanmi pechè.

O, ke w ap veye epi ap tann sèn sa pou w kontanple,

L ap retounen ankò (Ou kwè sa?)

L ap retounen ankò (M renmen sa, e oumenm?)

O, èske ta renmen yo konte w kòm youn nan enmi L?

(M pata renmen sa. E oumenm? Non, mesye. Vin yon enmi kont...Oswa, vin yon enmi pou Li; vin avèk Li se t ap trè byen. Men kont Li...)

Ke w ka san tach a lentyè, ke w ap veye epi ap tann sèn sa pou w kontanple I,

L ap retounen ankò. (Hmm!)

173 Kounye a, on alyans, on siy pou kisa? On siy pou kisa? Pou on sakrifis ki te asepte. Kounye a pran Jenèz 8:20 ak 22. Kounye a, Jenèz 8:20 ak 22, trè byen, li la menm nan paj la.

E Noe te bati yon lotèl pou Seyè a. *Li pran...chak bët ki pwòp, ak...chak zwazo ki pwòp, li touye yo, li boule yo nèt sou lotèl la.*

Lè Seyè a pran on bon sant, e Seyè a di nan kè I' -Mwen p'ap janm bay tè a madichon (bay tè a madichon) ankò poutèt sa lòm fè, paske depi l jenn, se move lide ase ki nan kè I. Mwen p'ap janm detwi tout bët ki viv yo ankò, jan mwen sot fè I' la.

174 E kounye a nou ka li dènye vèsè a:

E...*Toutotan latè a la, va gen yon lè pou plante, yon lè pou rekòlte,...fredi ak chalè...sezon fredi ak sezon chalè,...lajounen ak lannwit p'ap janm sispann.* (On alyans.)

175 Menm bagay ke Jan te wè: Jezi, Bondye te asepte alyans ki fè tou syèl la. E apeprè nan viwonn Li te g on lakansyèl apeprè nan viwonn Twòn lan, ke yo ka wè tankou on emwod, Limyè jòn vèt nan viwonn Twòn lan. Lwanj pou Bondye!

176 Gade! Noye te fòme sitou ak...Lakansyèl Noye a te fòme sitou ak sèt koulè. Nenpòt moun konnen ke lakansyèl la gen sèt koulè. Kounye a, kisa koulè yo ye? Wouj, oranj...vyolèt. Non, wouj-wouj, oranj...vèt, ble, endigo, ak vyolèt. Sa se koulè lakansyèl la. Kounye a, nou g

on bagay fon isi a, e m jis ap dwe manyen pwen enpòtan ladan I paske I ap vin twò ta. Kounye a, sonje, oranj...oswa, wouj, oranj, jòn, vèt, ble, endigo, ak vyolèt.

177 Kounye a, si n remake, sèt. Gade. Sèt lakansyèl...sèt koulè, m vle di, lakansyèl sèt koulè. Sa te vle di sèt ak! Sèt ak, sèt legliz k ap bay reflè sèt limyè, chak limyè te vlope nan lòt la. Li te kòmanse ak wouj, wouj. Apre wouj oranj vini, ki s on reflè wouj. Apre oranj se te...apre-apre oranj jòn vini, ki se wouj ak oranj mele ansanm, fè jòn. Apresa vèt. Vèt ak ble fè nwa. Apresa endigo vini. Epi apre sot nan endigo, vyolèt vini, ki s on pati nan ble. Alelouya! Èske n pa wè? Bondye, nan lakasyèl sèt koulè L la, alyans Li ke L te fè, on alyans ke atravè Sèt Laj Legliz yo, sèt koulè yo, Li t ap sove latè.

178 Kisa L t ap fè? Sonje, Li te fè I ak tè a, koulè L la. Men kounye a gade. Lakansyèl sa a sèlman, horizontalman, jis kouvri (nan yon ak) yon mwatye tè a. Sa se tout lakansyèl koulè Noye a, jis...te kouvri, jis mwatye tè a. Se te nan yon lach, se tout sa w ka wè. Men lè Jan te wè L nan koulè emwod Li a, Li te fè tou tout Twòn Bondye a. Mwatye an potko janm di. Li te kouvri...Li jis...tè a jis fè yon lach, se jis mwatye nan li; sa se laj legliz yo.

179 Men lè Jan te wè L nan koulè jòn fonse sa a, koulè jòn fonse a, Li te fè tou epi te kouvri nan viwonn lan tankou yon sèk. Yon sèk! [Frè Branham f on poz/kanpe epi frape on bagay pou bay egzanp—Editè a.] Yon sèk koulè jòn fonse, Li te fè tou èt Li! Ou wè? Yon sèl koulè, yon sèl Bondye sou tout, atravè tout, epi nan tout, men gen Sèt Laj Legliz.

180 Gad on gwo dyaman. Te abitye jwenn yo...ou ka jwenn yo an Afrik lonje nan lari yo. Pou w ta pèmèt ou kenbe yon sèl, paske I pa koupe. Ou g on sèl ki pa koupe, y ap mete w nan prizon pou li la menm, epi ba w on kondanasyon avi poutèt ou kenbe I. Ou dwe, remèt li osito w jwenn li.

181 Kounye a, yo pran dyaman sa a...O, s on bagay ki di. M te wè on gwo graj karant tòn kanpe kon sa, yo vide wòch ble sa a anndan la a, vire graje I, li kraze wòch sa a jis tankou sann, men li p ap kraze dyaman an. Karant tòn sa pandye nan on pivo, anlè isi a, ap woule ak gwo kwòk sa yo kon sa, jis ap kraze wòch sa a an myèt moso; men on dyaman ap travèse I dwat, I ap fè mas karant tòn sa a bouje. O! Lè I kraze epi desann nan paswa a, desann pase nan lòt paswa yo, lave epi alafen I al sou on ranp ki long.

182 Direktè gran Min Dyaman Kimberley sa a te youn nan uisye m yo anba la a nan liy lan, frè vrèman enb, swa.

183 Epi pou apeprè twa pye anlè dlo sa a, kote I koule, se, se pomad Cosmoline yo met la a. (Ou konnen, kijan-kijan w rele bagay sa a? L...Meda, kisa n gen nan bokal la nan amwa a anndan la a? Vazlin!) E nou mete Vazlin sa a, apeprè on pouz pwofondè, anwo nèt isi a sou

glisad la. Epi l desann, e remake, chak fwa ke wòch sa a vin la a, l ap woule dwat sou Vazlin sa a; men lè on dyaman vin sou li, l ap kole. On dyaman sèk e l ap kole sou sa. M te wè yo k ap ranmase yo, menm ti sa k tou piti yo, epi separe yo ak linèt pou je. Epi m te mande yo poukisa yo t ap fè l, yo te di yo vann yo bay Etazini pou zegwi Vitrola pou jwe plak ak bagay; yo p ap bouke, ou wè.

184 Men gwo dyaman sa yo, kounye a, men yo la a, jis yon sèl gwo boul. Men lè...Yo pran yo epi pran machin elektrik epi taye yo, epi f on dyaman taye. Apresa lè yo taye l, se pou bay reflè koulè flanm kara l la, epi l ap bay reflè sèt koulè, tou.

O, kijan ke Jezi...

185 O, ou ta ka g anpil lajan, ou ta ka posede on flo kadilak, ou ta ka on pastè nan kèk gwo mòg oswa on katedral on bagay, ou ta ka on evèk oswa onachevèk, men, o, frè, lè w jwenn Bijou sa a, Dyaman sa a, on nonm vann tout byen l genyen, distribye l, tout lòt bagay.

186 Gade vyèj k ap dòmi an. O, kisa l te fè? Li te dwe vann on bagay pou l sa achte Lwil. Kisa l te dwe vann? Ansyen kredo ak denominasyon ak bagay li yo. Li te vann tout sa l te genyen pou l sa jwenn Kris, Kris, gran Bijou sa a. Jezi, kò sa a...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]...?...M g on biyè pou m al nan Syèl lè tren an vin bò la a, nan youn nan jou maten fènwa sa yo. O, ala benediksyon!

O, flo sa a presye

Ki fè mwen blan kou nèj;

Mwen pa konnen lòt sous,

Anyen esepte San Jezi.

187 Pa popilarite, pa gwo bagay, pa anyen, pa richès, pa-pa anyen, jis ban m Flo presye sa a. Se tou!

Anyen m pa pote nan men m,

Senpleman m kole nan Kwa W la.

188 Gran Bijou sa a! Kisa L te ye? Li te pafè. Se te a laj tranntwa zan edmi lè Bondye mete L nan gwo machin chòk la, lè L te pran L la a epi kòmanse ba L fòm. Li te koupe L, Li te kraze L, Li te toupizi L.

...se pou peche nou kifè yo te mete san l' deyò konsa...te kraze anba kou akòz mechanste nou. Chatiman ki te pou ban nou kè poze, se sou li li tonbe. Avèk tout kou li te resevwa yo, li te ban nou gerizon.

189 Kisa Bondye te fè Nonm Pafè sa a? Gen sèlman yon sèl nan yo nan lemonn, sèlman youn nan mond lan, e se te Li! E Bondye te taye L isit la: "Yo te blese L poutèt peche nou yo." Paske m t on pechè, Li te kite Limyè lakansyèl Sèt Laj Legliz Li yo flache sou mwen, pou konnen ke L te blese pou peche m yo.

190 Men lakansyèl sèt koulè nou an. "Yo te kraze L akòz mechante nou, chatiman kè poze nou an tonbe sou Li, ak maleng Li yo nou te geri." Bondye te rache L, epi te toupizi L, epi te kraze L, epi te rache L, konsa L te ka bay reflè atravè blese mouri L yo, padon peche, lajwa, lapè, sipòte ak pasyans, bonte, dousè, jantiyès. Sèt Lespri Bondye yo se sèt fwi Lespri a ki t ap tounen flache nan pèp Li. Yo te toupizi L, fasonnen epi fòme L, konsa Limyè Bondye k ap klere nan kò grenn Nonm sa a ta ka rachte tout mond lan; "Lè y a leve M anlè sou tè a, M ap rale tout moun vin jwenn Mwen." Gade koulè lakansyèl sa yo antan y ap bay reflè.

191 Men lè Jan te wè L isi a, kisa l te ye? Jou racha a te fini. Tout bagay te fini, kidonk li te wè L tounen nan kondisyon orijinal Li a, on koulè jòn fonse. Pa sèlman jis mwatye mond lan, li ka sèlman...solèy la, ka sèlman klere sou mwatye mond lan alafwa, ou wè, antan l ap vire. Men lè Jan te wè L, Li te chita pou gade on wòch jasp ak sad, koulè jòn fonse yo; melanje tou de ansanm, ou gen jòn fonse. "Epi on koulè jòn fonse nan viwonn Twòn lan!" O la la! O, mwen-mwen di nou, sa jis...nou te ka jis kontinye epi kontinye.

192 Sèt Lespri, sèt koulè, sèt laj legliz, sèt minis, sèt limyè, tout bagay nan on sèt. Bondye pafè nan "sèt." Bondye te travay sis jou; setyèm jou, Li te repoze. Mond lan pral egziste pandan simil an, epi setyèm mil la se Milenyòm lan.

193 Remake, *nan on mwatye sèk*, "mwatye potko konnen." Kounye a, se sèten bagay sa yo reprezante on bagay.

194 Kounye a, nan Egzòd 23:13 ak nan Ebre 6:12, Bondye te f on alyans ak Tèt Li epi te fè sèman pa Tèt Li. Ebre :13 di nou ke, oswa 9, :13, ke "Li te fè sèman pa Tèt Li." Pat gen pi gran pou te fè sèman sou li lè L te di Abraham ak Izarac, la a L te di Abraham ke L t ap f on alyans avè l, yon alyans k ap ret pou toutan. Bondye...

195 On alyans te toujou fèt sou on sèman, kidonk pa gen pèsòn...Ou fè sèman sou tèt on moun ki pi gran pase w; fè sèman sou tèt manman w, fè sèman sou tèt nasyon w, fè sèman sou tèt on bagay, fè sèman sou tèt Bondye, Men ou pa ka fè sèman sòf si s on moun ki pi gran pase w.

196 E pat gen pèsòn ki pi gran pase Bondye, kidonk Li te fè sèman Limenm, sou Tèt Li. Amèn! Sèmante sou Tèt Li ke L t ap konfime alyans sa a. Amèn. O! Fiouw! Fè sèman sou tèt li, Li t ap “prezève Semans Abraham lan.” Kisa k Semans Abraham lan pou Moun lòt Nasyon yo? Batèm Sentespri a, on Semans Abraham. Te jire pa Limenm: “M ap leve yo, yo chak, vivan. M ap ba yo Lavi Etènèl epi tounen mete yo isi a sou latè.” Poukisa nou gen pou n pres...panse a sa?

197 Kidonk nou wè L nan ak sèk koulè vèt la, koulè jòn fonse. Sa k tire sou vèt la, kisa vèt reprezante? Lavi. Vèt se sa k vèt toutan an, toujou ret vèt, se lavi. Kisa l vle di? Ke Bondye te pwomèt, kòm Li te f on sèman anvan la a nan Jenèz, ke L “pa t ap...” (Mete lakansyèl la nan syèl la.) ke L “pa t ap detwi mond sa a ankò pa dlo.” Li fè sèman L tou epi L jire pa Tèt Li ke L ap leve vivan tout Semans Abraham lan, epi mond sa a va kanpe devan tout jijman l yo ki souke. Jijman n ap wè yo nan pwochen leson nou gen k ap vini yo, pral montre nou kote mond sa a pral eklate epi vire an volkan, epi eksplode an myèt moso, epi tèt anba ak tout bagay. Men Li jire pa Tèt Li ke L p ap detwi l, men L ap fè l lis ankò epi mete pitit Li sou latè pou Milenyòm sa a. O la la!

M ap veye vini jou lajwa Milenyòm sa a,

Lè Jezi beni nou an va vini epi pran Epouz Li k ap tann;

O! kè m anvi, ap kriye pou jou liberasyon dous sa a,

Lè Sovè nou an va retounen sou latè ankò.

198 O, ala nou anvi wè Jou sa a, Li te pwomèt gran Milenyòm lan t ap vini. E on lòt bagay, rezon ki fè L te viwonnen an, Li s on Bondye ki kenbe alyans Li. L ap kenbe alyans Li!

199 Kounye a ann pran vèsè ki swiv la, tout jan. O la la, nou vle pran youn ankò, e nou gen jis apeprè dis, kenz minit pou fè sa. Èske n twò bouke? Nou vle avanse? [Asanble di: “Amèn!”—Editè a.] Trè byen, ann pran vèsè 4 la:

E tout arebò fòtèy la te gen vennkat lòt fòtèy e m te wè vennkat granmoun chita sou fotèy yo, yo te abiye ak rad tout blan sou yo, ak yon kouwòn an lò sou tèt yo chak.

200 Nou ka pa rive ale nèt nan vèsè sa a. Ebyen, ann kòmanse. Vèsè 4 la, gade kounye a, lè Jan te wè L, koulè emwod sa a nan viwonn Li, nou gen tout koulè yo, lakansyèl la, e latriye, ak tout sa l te ye. Kounye a, nan vèsè 4 la, premye bagay li pale de li isi a, nan vès...4 la...

E arebò fotèy lan...

201 Gade! S on imaj sitèlman bèl isi a, pa rate I, "Twòn lan."

202 Ou konnen, ann retounen nan Moyiz. Moyiz...Nou gen tan pou n fouye I, kidonk nou jis pran sa m ap di a. Moyiz, lè yo te ba I on vizyon sou Mòn Sinayi a...

203 M vle nou remake ke sa se pat on Twòn lagras ankò. La a, san an te disparèt, e sakrifis la te tounen ankò epi yo te asepte yo, e san an pat sou fotèy mizèrikòd la. E kounye a se t on fotèy jijman paske loraj ak zèklè te soti nan li. Èske se vre?

204 Sonje, se te tankou Mòn Sinayi a. Lè Moyiz te sou Mòn Sinayi, sa k te pase? Loraj, zèklè. Epi menm si on vach oswa on ti vach oswa on mouton, oswa nenpòt moun, te menm manyen mòn lan, li dwe mouri. Bib la te di: "Soukous la te sitèman gran jouk menm Moyiz te pè I." E Mo-...Li te di: "Retire soulye w isi a, ou sou tè Sen." Jozye gran gerye a, te dwe okipe timoun yo epi divize eritaj yo, te ka sèlman monte nan mwatye mòn lan.

205 Men Moyiz te kanpe anwo la a ak koulè flach ak zèklè ak emwod Bondye yo nan viwonn li, ap gade kòmandman sa yo k ap ekri. Kanpe nan Prezans Bondye, Vwa sa a k ap pale: "Moyiz, kote w ye? Retire soulye w, ou sou tè Sen."

206 On fotèy jijman, I te ye kounye a, anyen pat ka kanpe la a sòf rachte a. Pechè pat ka pwoche I ditou (sa fini), fotèy jijman an. Trè byen.

207 Kounye a, Moyiz te fè dè bagay sou latè, te fè tabènak la, tankou bagay ke I te wè nan Syèl. Nou konn sa, pa vre? Nou jwenn Pòl te fè menm bagay la. Dwe te...Ebre 9:23, ke Moyiz te fè dè bagay jis tankou I te fè. Epi Pòl nan vizyon I lè I te monte nan Syèl (lè I te anseye gran Liv Ebre sa a), li dwe te wè nan vizyon I menm bagay ke Moyiz te wè, paske I te di sa (li te anseye Liv Ebre mèveye sa a), kijan ke Kretyènte se te antitip Ansyen Testaman an. Li t on gwo anseyan, Mo-...se sa Pòl te ye. Kounye a, se te Twòn li /è sa a. Apresa nan I...

208 Ann jis...Pa gen nesesite, m pa ka...M ta pral pase sou sa, men m jis pa ka fè I. Kot tablo a ye? Èske n te mete I dèyè a? Èske I dèyè a, Doc? Ebyen, petèt m ka fè n wè I depi isi a. Mwen-mwen...Kounye a, pran plim ak papye nou, paske m vle di on bagay isi a. Mwen-m te chita maten an antan on bagay te vin jwenn mwen. Bon m ap di nou sa m te fè, si n remake, m genyen I ki trase sou dèyè isi a. Ou wè? Jis trase I antan Lespri a te ban mwen I, ou wè, trase sou isi a de sa I t ap ye. Men m-m vle di on bagay isi a menm.

209 Kounye a, Bondye, lè L pran twòn lan, Li se Jij lè sa a. Èske se vre? Kilè on jij bay jijman? Lè I vin sou fotèy jijman I lan, yon twòn. Kounye a, m vle n gade kijan Ansyen Testaman an te fèt, kijan tribunal k ap pwoche Twòn Li te fèt, ak kijan Jan te wè isi a. Nou p ap rive nan

sa maten an, tout sa. Men kijan Jan te wè menm tribinal yo nan pwoche Li, ak kisa pwoche tribinal Li yo ye. Kounye a, o, m renmen sa a.

210 Bon, nan Ansyen Testaman an, te gen sa yo te rele “asanble” a, kote moun yo te reyini. Premye bagay, anvan y antre, asanble a, pou l antre la a, yo te dwe vin anba san ki koule a, tribinal ki deyò yo. An premye yo vin nan dlo separasyon yo, kote yo te touye on ti vach wouj epi yo te f on dlo separasyon. Sa se pechè a ki vin tande Pawòl la.

211 Se konsa yo te jis mennen gran raben Jwif sa a bay Seyè a, te tande m preche sou sa anba a nan...nan Tusla. Se te nan Tusla. Nou te la a nan Tusla, Oklahoma. Epi l vin lòtbò a, jis on espektatè. Epi l t ale apre sèvis la, li te di: “M konnen!” Te di...Li se youn nan sèt raben ekstraòdinè nan lemonn. Epi l vin lòtbò a, te di: “M vle wè sa Biznismenn Kretyen sa yo...Yo rele yo: ‘Pannkotis.’ M vle al lòtbò a, chita, tande.”

212 Epi lè Seyè a te fè m pale sou sakrifis jenn ti vach wouj sa a, apre sèvis la li te rankontre kèk nan frè yo dèyè la a, te di: “M vle rankontre mesye a. M konnen ke l pa menm g on edikasyon men...” Te di: “M s on raben Jwif ki konn tout apwòch diferan sa yo ak bagay kon sa,” te di: “M pat janm wè sa a nan tout vi m.” Te di: “M pat janm wè l.”

213 E kounye a li s on raben Pannkotis, ranpli ak Sentespri a, pral tout kote, ap preche Levanjil la. Li rele tèt li: “raben Pannkotis.” Li t ale nan Lotèl Youree Washington la, lòt jou a lè nou te rankontre ansanm anba a kay Frè Jack, epi dam lan te konnen l, li te di: “Raben,” li te di: “nou g on bèl chanm pou ou, men”, di: “nou pa gen okenn televizyon anndan la a.”

214 Li te di: “Bagay sa yo se ‘lanfèvizon,’ jete yo! Pa vle yo anndan la a, tout jan; li anndan la a, m t ap fè w jete l.”

Li di: “Raben!”

Li di: “M s on raben Pannkotis.” Alelouya!

215 Di: Kounye a, lè w pral an Izrayèl, Frè Branham, m vle al avè w.” Di: “Nou ka mennen l bay pèp nou an.”

216 M di: “Pa kounye a, Raben, pa kounye a. Pa kounye a, pokò lè a, tann on tikal.”

217 Kounye a, remake kote sen sa yo. Kounye a, lè w vin nan tribinal yo, premye a se te lakou yo, lakou sou deyò yo. Sa k swiv la se te lotèl la, kote yo te ofri sakrifis yo, lotèl an eren an. Apresa sou deyò lotèl an eren an, te g on vwal ki te pandye isi a ki t al anndan Sen dè sen an; anndan la a se te fotèy mizèrikòd lan, anndan la a se te Cheriben yo. Se nan sa m vle rive

nan pwochen lesion nou an, Cheriben sa a yo k ap kouvri fotèy mizèrikòd la. O la la! Mwen...Nou ka jis rete tout mwa a sou li, ou wè, sou Cheriben sa a.

218 Kounye a, kounye a remake antan n ap antre ladann. Asanble a te ka vin *la a*; prêt yo te ka kanpe *isi a*; men se jis gran prêt la ki te ka al anndan *la a*; on fwa pa ane, pran san an avè l.

219 E I te dwe abiye on sèten fason, on sèten rad; te dwe g on klòch ak on grenad, youn ak lòt. Epi lè I te mache, li te dwe mache on sèten fason. Antan I t ap mache, li te jwe: "Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen, pou Seyè a," klòch ak grenad sa yo sonnen ansanm: "Sen, sen, sen!" Poukisa! Li t ap pwoche Bondye, te gen san alyans lan nan men l, pral devan L, ap pote san an.

220 Wen (O la la!) ak sèten pafen. Rad Li yo te dwe fèt ak men ki ranpli ak Sentespri, se men ki otorize ki fè rad li. Woz Sawon an, Iwil onksyon an, te vide l sou tèt li, li koule tout anba bab li epi apre anba nan plas li ak pafen wayal la; on grenad ak on klòch; ap pran san on ayo inosan; e I pa oze pwoche vwal sa a sou deyò, li t ap mouri la menm, kote I te kanpe a. Kifè I te dwe ale, ap mache on sèten fason: "Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen," (ap pwoche Bondye) "pou Seyè a. Sen, sen, sen!"

221 Epi I t al la a epi te ofri san an sou fotèy mizèrikòd la, on fwa pa ane. E pandan I te anndan la a, li te gen privilèj pou I wè Glwa Chekina a; lè Kolòn Dife an, Limyè jòn fonse ki desann lan, ki te kondwi timoun yo soti nan Izrayèl. Li te menm fè lafimen monte nan tanp lan konsa pèsòn pat ka wè L. Glwa Seyè a te tonbe jouk tout te anvayi ak lafimen. Epi L t antre Limenm, t antre dèyè vwal la epi chita sou fotèy mizèrikòd la nan Sen dè sen an. Li rele: "Kote k pi Sen an," Sen dè sen. E I te dwe abiye on sèten fason, mache on sèten fason, wenn on sèten fason. Li t on moun espesyal pou I al anndan la a. Ala asanble a dwe te anvye !!

222 Men lè Jezi te mouri, vwal tanp lan te chire. Pa sèlman on gran prêt, men "kèlkeswa moun ki vle a" ka gen menm onksyon Glwa Chekina sa a epi mennen on vi ki sen: "Sen, sen, sen, pou Seyè a," epi pwoche nan Prezans Bondye an menm, atravè San Jezikri a devan l. Pran I ak: "Seyè Jezi, men on moun malad lonje isi a, se frè m. Li sou kabann lanmò a kounye a menm, pou I mouri. M ap pwoche W: 'Sen, sen, sen, pou Seyè a.'"

"Pou kisa?"

"Kòm on gran prêt."

"Pou kisa?"

"Nan non frè m. 'Sen, sen, sen, pou Seyè a.'"

223 Men li! Mach ou chak jou, mach ou chak jou, konpòtman w chak jou, kè w, nanm ou, ak tout: "Sen, sen, sen, pou Seyè a." Pa gen rasin kè anmè, Pa gen anyen lòt: "Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen, pou Seyè a," antan n kòmanse pwoche nan non frè nou. Kèlkeswa moun ki ka vle vini an, wenn, San devan I, San an ka pral devan I, ap jwe "Sen, sen, sen, pou Seyè a."

224 Kounye a, sa se te lakou sou deyò yo, kote k sen an. Epi Sen dè sen an, se te sanktyè Bondye sou latè. Gade, li te tipifye dapre sila k nan Syèl la. Kounye a, nou n ap retounen dwat ankò nan menm Ekriti sa a. O, tout antan nou pral atravè Apokalips, nou ka retounen dwat menm sou sa a ankò. Ou wè?

225 Kounye a li...Jan, ki kote Jan ap kanpe? Nan lakou yo. Ann jis li jis on tikal pi lwen isi a konsa n ap konprann li byen:

Kout zèklè...t'ap pati soti nan fòtèy la...vwa yo: e te gen sèt flanbo limen (Tann jouk nou rive nan sa a) *ki t'ap boule devan fòtèy la; se sèt Lespri Bondye yo.*

226 Ap bay reflè Limyè Bondye a nan Legliz la, soti dwat nan Twòn Bondye a, pa nan on seminè, pa nan kèk evèk, men soti nan Twòn Bondye a, pa on revelasyon de pwisans rezirèksyon L lan, ap fè L menm lan ayè ak pou toutan; sèt zetwal sa yo kanpe la a ap bay reflè Limyè sa a, Limyè Chekina an, soti nan Glwa Chekina an soti nan Sen dè sen an. Sèt lanp ak dife, chita sou tèt chandelye sa yo, ap bay reflè Limyè L, koulè L yo, de Pwisans rezirèksyon Li, dwat nan Legliz la. Amèn! Hmm!

Devan fòtèy la tou...te gen yon lanmè an glas ki te sanble kou kristal. E nan mitan fotèy la, e nan viwonn *toupre fòtèy la, te gen kat bét ak anpil je devan kou dèyè.*

227 Epi I al devan epi I kòmanse bay sa a...bèt sa yo, menm bagay Ezekyèl te wè; gadyen sa yo...youn tankou on moun, youn tankou on lyon, ak youn tankou zèg la. Kisa I te ye? Kounye a, gade, lè n mennen yo anndan epi montre Lyon Tribi Jida sa a ak tout diferan sa yo ki sot nan tribi yo, ki te tabli sou kat mi, e yo t ap veye fotèy mizèrkòd sa a. O, al on imaj! O, m jis...Gen gran jou pi douvan.

228 Antan n te wè yo, kounye a, se te Twòn Bondye nan Syèl, Moyiz te fè modèl Li a sou latè, se te Twòn Bondye paske fotèy jijman Li a te reprezante isi a sou latè nan Sen dè sen an. Bondye...Tout Izrayèl vin nan sèl plas sa a pou jwenn mizèrikòd, paske Bondye te sèlman rankontre anba san ki koule a.

229 Kounye a, koute byen. Apresa Glwa Chekina an te leve sot nan fotèy mizèrikòd lan yon jou, epi L te chita sou on lòt Tabènak (Amèn!), Sila a: "Papa a pa jije okenn moun men Li

te remèt tout jijman bay Pitit la.” Fotèy Jijman Bondye a. Fiouw! “Ou pale kont Mwen, y ap padone w sa a,” pale de on lòt-Yon lòt k ap vini, on lòt Fotèy Mizèrikòd. “Pale...ou pale kont Fis de lòm lan, M ap padone w; men yon jou Sentespri a pral vin abite nan kè moun yo, yon pawòl kont Li p ap janm padone.”

230 Li kontinye vin pi di e pi serye ankò tout tan, jijman an, paske Bondye t ap abize pasyans Li san rete, ap eseye fè pechè yo vin jwenn Li pou yo rekonsilye. An premye, Li te nan syèl la anwo a epi ap klere nan zetwal yo. An dezyèm, Li te sou latè ap klere nan Glwa Chekina an. Apresa, Li vini epi L te fèt chè epi te abite nan mitan nou, toujou ap abize pasyans Li. Apresa Li te rachte lòm pa San Li, te antre nan Legliz Li nan fòm Sentespri a, epi pale kont Sa s on bagay ki fini, ki fèt.

231 Kounye a nou ka wè kote sekous la soti. Kote tan an, yo pa reyalize. Moun yo pa ka konprann sa Sa vle di.

232 Kounye a, premye Twòn lan se te nan Syèl, fotèy jijman an. Dezyèm Twòn lan se te nan Kris. Twazyèm Twòn lan se nan lòm.

233 Kounye a, kite m pran ti bagay sa a ke m te trase isi a. Nou pral fè...M swete m te g on tablo, konsa m te ka fè I petèt gen plis sans pou nou. Nou pral pran epi trase tribinal yo, sèlman fè I nan on sèk, oswa kon sa, youn ou lòt. Kounye a n ap pran...M kwè, kon sa petèt t ap pi bon an, nou pral pran epi fè tribinal yo.

234 Kounye a, kisa on moun ye? Li se twa nan yon èt; kò, nanm, ak lespri. Konbyen moun ki conn sa? Gade apwòch Bondye a. Kisa kè I ye? Nou sonje mesaj mwen an, *Bondye Te Chwazi Kè Yon Nonm pou Tou De Kontwòl Li?* Dyab la te chwazi tèt li kòm tou de kontwòl li; ou wè, li fè I wè bagay yo, gade atravè je I. Men nan sa...Bondye nan kè I fè I kwè bagay ke I pa ka wè. Se vre? Ou wè, Bondye sou kè I, nan kè lòm se Twòn Bondye a. Nou konprann li? Lòm! Bondye te fè Twòn Li nan kè lòm.

235 Kounye a, gade. Kisa k premye pati nan lòm? Premye pati nan lòm se kò. Pwochen pati a se *nanm* li, ki se nati lespri I ki fè I sa I ye a. Li pwoche kounye a. Kounye a, twazyèm pati lòm se *lespri* I, e lespri I nan mitan kè I, e nan mitan kè I se kote Bondye vini pou Twòn lan.

236 Nou sonje, dènyèman, jounal yo-yo bay nan Chicago sa fè apeprè katran de sa, lè vye kwayan an...veye non kwayan an, pito, te abitye di ke Bondye te fè on erè nan Salomon lè L te di: “Jan on nonm panse nan kè I.” Di: “Pa gen kapasite mental nan kè a pou panse avè I. Kijan I ta ka panse ak kè I? Li dwe...Li te vle di tèt li.”

237 Si Bondye te vle di tèt li, Li t ap di: “tèt li.”

238 Tankou Moyiz, e si Moyiz...Bondye t ap di: “Moyiz, retire soulye w, ou sou tè Sen”; li te di: “Ebyen, poukisa m pa jis retire chapo m, sa jis bon menm jan an”? Li te di: “soulye.” Li pat di: “chapo,” li te di: “soulye.”

239 Epi lè L te di: “Repanti, epi batize nan Non Jezikri,” Li pat vle di “Papa, Pitit, ak Sentespri.” Li te vle di jis sa L te di a.

240 Lè L te di: “Ou dwe ne de novo,” Li pat di: “Ou ta dwe egziste.”

241 Li te di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè,” Li pat janm di: “*Petèt y ap fè sa.*”

242 Li di sa L vle di a! E Li se Bondye e L pa ka tounen pran L. Li konnen kisa k pafè kidonk Li fè L fason sa a, e se fason sa a Li-Li gen entansyon pou L ye. E ou dwe rive nan Sa. Se pa Li ki desann nan lide w, se ou ki dwe monte nan Lide Pa L. Se diferans lan sa.

243 Bon, kounye a, sou sistèm kò sa a, nanm....Kounye a, si w va pran mo *nanm* lan epi gade li, li pral di w nan-nan diksyonè Bib la oswa Webster, nenpòt nan yo, se “nati lespri a.”

244 Kounye a, men yon nonm, nou di, *men* John Doe. Trè byen, John Doe. E *men* Sam Doe. Trè byen. Kounye a, John Doe s on nonm, kò, li s on frè Sam Doe. Kounye a, Jan s on lespri, nanm, kò; e Sam Doe se menm bagay la (kò, nanm, lespri) jan I ye a, kò, nanm, lespri. Kounye a, nonm sa a move, mechan, twonpe, vòlè, bay manti, fè adiltè, nenpòt move bagay ke I ka fè; men nonm sa a ranpli ak lanmou, lapè, lajwa. Tou de gen nanm, kò, ak lespri. Ebyen, kisa k diferans lan? Nonm sa a ka retounen epi di: “Mwen sonje manman m, m sonje bagay nou te konn fè lè n te ti gason”; yo toude kapab. Yo toude gen lespri, yo toude gen nanm, yo toude gen kò.

245 Men nati lespri nonm sa a mechan; nati lespri nonm sa a bon. Ou wè? Kidonk nati lespri a se nanm on nonm. Ou wè? Kidonk, kounye a, Bondye ap eseye rantre nan kisa? Lespri ak kè lòm. Kote lespri a poze se nan kè a.

246 Nou konnen, e lasyans te di (kòm m pat janm fini sa) ke lòm pat ka panse ak kè I. E lasyans kòmanse dekovri ke g on ti konpatiman nan kè imen an (pa nan kè bèt, men nan kè imen an), pa menm g on selil san, ni anyen. Yo te di: “Sa dwe plas kote nanm lan rete, oswa lespri a.” Jis kite-jis kite yo poukont yo, y ap pran pwòp bagay estipid yo epi pwouve Bondye. Se vre. Bondye jis fè ensanse a temwaye pou Li.

247 Kounye a, men li, gwo tit nan jounal la. Pitit fi Frè Boze te di: “Frè Branham, ou konn sa w t ap di lòt jou a?” Di: “Gade, gade, lasyans te dekovri dejà.”

248 Te di: "Ebyen, ke Bondye beni! M vle sa a, sè, m vle-m vle sa."

249 Nam lòm se nati lespri a, e lespri a abite nan kè lòm.

250 Bon, kounye a, kisa k tribal sou deyò a? Sa se lachè. Ou wè? Sa se premye bagay ou vin ladann, lachè a. Ou dwe konsime sa an premye. Ou dwe, pase pi wo lachè a. "Mwen-mwen pa santi m tankou pou m leve epi al legliz la, wout yo twò glise. Mwen-mwen...Fè twò cho. O, legliz, m pa konnen." Sa se lachè. Trè byen. Kounye a, ou dwe konsime epi travèse sa, Bondye dwe rive nan sa.

251 Pwochen fwa L vini, Li dwe vin nan nam lan, sa se nati a. "O, kisa Joneses yo pral di sou mwen? O la la! Ou konnen, legliz mwen pral choute m deyò si m-si m f on bagay kon sa. Ou wè?" Men nou dwe travèse sa.

252 E lè ou travèse sa a, alò Li antre nan kè a e se la ke L twone. Se Sentespri a nan ou. Jezi di: "Li ta pi bon pou yo mare yon gwo wòl moulen nan kou w, voye w jete nan lanmè, pase ou ofanse ata youn nan ti sa yo ki kwè nan Mwen." Pa fè yo okenn mal; pa menm ofanse yo, kontrarye yo sou on bagay. Li ta pi bon si ou te nwaye tèt ou e ke w pat janm fèt sou latè a, pase ou ofanse youn. Èske L te panse sa? Èske L te ka mant? Èske apòt yo di l? Non, non. Jezi di l! Jezi di: "Si ou ofanse youn nan yo, ti sa yo ki kwè nan Mwen."

"Siy sa yo pral akonpaye sa yo ki kwè!"

253 On gran, on gwo moun di: "Oh, m kwè nan Li! Alelouya!"

254 Èske ou déjà pale an lang, entèprete lang, chase demon, gen vizyon, e ensidswit, jan L pwomèt li?"

"Non, jou sa pase." Li pa on kwayan, li son swadizan kwayan.

255 Jezi di, dènye pawòl Li di: "Siy sa yo pral akonpaye sa yo ki kwè, nan lemonn antye e a tout kreyati." Se vre. "Yap akonpaye kwayan yo jiskaske M tounen." Sa se dènye Pawòl yo ke L di. Konbyen ki conn sa? Bib la, Mak 16.

Kounye a, nou wè, li son swadizan kwayan.

256 Men lè ou jwenn on kwayan ki kwè tout bon, ak siy yo ki akonpaye, e ke ou wè imilite vi li, e pa on imitatè, konnen ke li son Kretyen, on vre, on sijè otantik, rete trankil. Sa ou dwe fè, se mete ansanm a yo, kòmanse vanse, paske ou sou chemen Wa a.

257 Kounye a, ki sa kap pase? Gade sa. Lakou sou anndan yo: se te laj Lutè, kòm nou kòmanse nan Kò Legliz Janti an.

258 Nou sonje, se te dè Jwif jiska epòk ane 606 apre Jezikri lè nou tonbe nan Tiyati, se te prèske tout dè konvèti Jwif. Men apre Jwif yo, vin gen Jwif e dè Janti (men sitou dè Jwif). Men lè I vrèman antre nan laj Janti an, kote sa a, nou wè, vin gen Maten Lutè, John Wesley, e ensidswit. Nou wè?

259 Kounye a, gade twa dènye sa yo apre Laj Tenèb yo, nou rive nan Mwayennaj e pi lwen. Lè I rive, gade lakou sou anndan sa yo. Wè: kò, nanm, iespri. Wè? Lakou sou anndan sa yo, kò a. Kote sen an: Nazareyen, Pèlren Sentete, Metodis Lib. Wè? Epi Sen dè sen: tounen a Lapannkòt, kote I te kòmanse nan kòmansman an, wè, tounen nan kòmansman an.

260 Kounye a, si wap desine I, m vle make I. Kounye a, gen senk pòt ki antre nan kò a, ki kontwole kò a. Nou conn sa. Pa vre? Se senk sans yo. Konbyen sans ki kontwole kò a? Senk: wè, goute, touche, santi, tandem. Se byen sa? Sa se kò a, lakou devan yo, sa se bagay ou paka konte sou yo paske se kò a.

261 Lakou sou anndan yo lè sa a, nou gen lakou sou anndan, ki se pwochen lotèl la. E pwochen lotèl la vini, e I vini ak-ak konsyans, imajinasyon, souvni, pasyon, ak afeksyon. Sa se senk sans yo ki kontwole lakou anndan an. Sa se nam lan. Sans afeksyon, sa se nam lan, lanmou, e latrìye. E apresa pwochen an nan kaptè a anndan isi a, genyen souvni tou, ak konsyans, ak mizèrikòd, e latrìye, ak-ak-ak imajinasyon. Ou chita epi imajine bagay, kisa w ap fè? Ou pa fè I nan lachè w, sans ou yo pa imajine. Son anndan lakou ki andedan w.

262 Li gen twa pòtay. Kisa n ap fè? N ap bay detay kounye a, pa rate L. Soti nan lachè, senk sans yo; pou al nan pwochen an, nanm lan, lakou anndan yo; men kounye a nou antre nan kè a. Ou wè?

263 Kounye a, men kote noumenm bon Pèlren Sentete ak Metodis te rete sou lotèl sa a sou deyò /a a. Ou wè, nou nan lakou yo. Noumenm Literyen e latrìye tounen nan lachè, tounen la a ak senk sans yo, sa je a ka wè epi konprann. Ou wè?

264 Men Pèlren Sentete a vini, ki te sèlman Metodis Lib la, vin nan pwochen lakou yo epi te kwè nan sentete, paske I te rele plas sen an kote yo te mete sakrifis la.

265 Men on fwa pa ane gran prèt la t al anndan Sen dè sen an ki te kondane. Te gen laj Literyen an; apresa laj Metodis la; apresa laj sa a, limyè Legliz la ap vini, ki tankou nan sistèm èt imen an.

266 Apresa kijan pou-kijan pou n antre anndan sa a? Kounye a, sonje, te g on vwal, on vwal ki pandye nan mitan sen an ak Pi Sen nan sen an. Nan Pi Sen nan sen yo se kote Kris vin chita sou twòn kè w, Kris pran twòn Li. Li vini atravè jistifikasyon (Èske se vre?);

sanktifikasyon; "Epi pa yon..." (dlo...pa yon legliz...pa yon kredo...Non!) "pa yon sèl Lespri," se apati de isi a nou tout te batize nan yon sèl Kò ki se Kò Kris la. Pa kisa a? Sentespri.

267 Kimoun ki antre? Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis, kèlkeswa moun ki vle. Vwa I sa a, nou konn sa vwal sa a ye ki vwale kè nou Iwen Li? Èske n pare? Vwal la rele "pwòp volonte w." Èske n konprann li kounye a? Sans yo /a a, sans sou kò ak sans pou nam lan, ak vwal nan mitan sa a ak kote sen an, Pi Sen nan sen an. E sèl fason ke w ka antre anndan la a se pou gen pwòp volonte w! "Paske kèlkeswa moun..." Kisa? Kèlkeswa moun ki bay lanmen? Kèlkeswa moun ki plonje anba dlo? Kèlkeswa moun ki antre nan legliz la? Kèlkeswa moun ki pase lèt li? Kèlkeswa moun ki fè...? Non! "Kèlkeswa moun ki vle vin anba vwal la."

268 Kite Kris vin nan sans yo; di: "Ebyen, m ta dwe fè I. M pa vle al nan lanfè, sa se yon bagay. M ap antre nan legliz." Trè byen, Literyen.

269 "Ebyen, m ap di nou kisa, m kwè ke m ta dwe viv on vi diferan, sa m kapab," sanktifikasyon nan lotèl la. Trè byen, Metodis.

270 Trè byen, e apresa kèlkeswa moun ki vle, kite I pase vwal chire an. O, glwa pou Bondye! M sou lòt bò a. Alelouya pou Non Li! O la la! Kèlkeswa moun ki vle, kite I chire I, rido pwòp volonte I, epi kite Bondye antre andedan kè I. Men Kris sou fotèy jijman Li nan kè imen an! Kisa k pou rive?

271 Ou di: "M dwe...O, m-m ka bay blag sal, sa pa kondane m." Poukisa ? Yo pa g anyen Li ka kondane. Pa gen Moun la a pou-pou retire I. Pa gen Moun la a pou-pou kondane w. "Ebyen, m ap di w," fanm yo di: "M ka gen cheve kout, sa pa kondane m." Sa pa etonan! Ou wè? "O, m ka met bout pantalon...M ka fè sa. Mwen..." Mesye yo di: "Sa pa fè m mal pou m fimen siga, e sa pa fè m mal pou m jwe kèk-kèk kat epi tire kèk de," e kèlkeswa sa yo fè. "Sa pa fè m mal." E yo toujou fè pati de legliz la, ou wè: "Sa pa fè m mal pou m fè sa." Poukisa? Poukisa? Pa g anyen la a pou jije w.

272 Men lè Kris antre, ou te kreye yon lotèl nan kè w epi peche w yo retire chak jou. Gran Sen Pòl, li te di: "M mouri chak jou. Sepandan m viv, men pa mwen ki viv, Kris ki viv nan mwen." Men vwal andedan an. O, frè, sè!

273 Map fè vit, m konnen...O, non, m se...M jis pa ka fini I, tan m depase. Ann wè, kite m jis...Non, pito m pa fè I. Ou wè, m vle pran vennkat ansyen yo, e m konnen m ap kenbe nou tout Iwen dine nou. N ap jis...Ann wè, sa...Konbyen moun di pran vennkat ansyen yo? Jis...[Asanble di: "Amèn!"—Editè a.] Trè byen, jis on minit. Trè byen, jis on minit. "Vennkat ansyen," apresa, ann pran yo byen rapid kounye a, "nan viwonn toupre Twòn lan, e te gen venn-...nan viwonn Twòn lan."

274 Kounye a nou wè sa...Kote Twòn lan ye kounye a? Nan kè a. Nan kè kimoun? Manm Laj Sèt Legliz yo, Kris! "Pale yon mo kont, yon aksyon, nou kondane," n ap reponn pou sa nan Jou Jijman an. E kimoun ki pral jije latè? Sen yo va jije latè.

275 Kimoun Danyèl te wè k ap vini ak dizèn milye fwa dimil? Sen yo. Liv yo te louvri, pechè yo. Yon lòt Liv te louvri, ki te Liv Lavi a, vyèj k ap dòmi an. O la la, èske yo pa ka wè sa? Legliz k ap dòmi an, sila yo ki te soti al rankontre Lemarye, yo kite Lwil la fini nan lanp yo; pat janm antre nan Sa, pa janm kite Kris pran kontwòl konsa Li ta ka fè mirak epi pale ak lang epi fè bél mèvèy ak bagay pou pwouve ke L te viv nan Legliz Li.

276 E si Jezi ta vini sou latè epi di: "M se Jezi, M se Ptit Bondye a," pat janm fè anyen, Li t ap jis di "Mwen-M ap monte isi a epi antre nan legliz la"? Èske sa t ap Ptit Bondye an?

277 Kisa L te di? "Si M pa fè zèv Papa Mwen, alò pa kwè M."

278 O la la! Èske n wè? Bondye deklare Tèt Li, Li renmen fè sa. Li se Jehovah. Li renmen fè yo konnen Li. O, m tèlman kontan sa. Wi, mesye. Li te fè m konnen L, m konnen Li fè I pou ou. Kèk nan nou jenn moun yo ki fèk konvèti, poutan nou pa...ka pat konnen L nan pwisans ak gran bagay ke Kretyen ki pi granmoun yo konnen, men n ap vini dwat nan li. N ap vin dwat nan otowout Wa an. Pa...jis kontinye gade epi pouse ak tout fòs nou. Kouri, kouri, kouri jis ak tout fòs nou, Pa kanpe pou anyen, jis kontinye avanse.

279 Tankou pòv Sè Snelling te abitye di:

M ap kouri, kouri, kouri, m fèk rive la;

M ap kouri, kouri, kouri, m fèk rive la;

M ap kouri, kouri, kouri, e m jis pa ka chita.

Pòv vye nanm, li lòtbò la a jodi a.

280 Trè byen, kounye a, e te gen-te gen twòn e gen, gen ven...te gen vennkat fotèy. Kounye a, konbyen moun sa fè, vennkat? Vennkat. trè byen:

...vennkat fòtèy ak sou fotèy la...m te wè vennkat granmoun chita sou fotèy yo (youn sou on fotèy). Granmoun yo te abiye ak rad tout blan, ak yon kouwòn an lò sou tèt yo chak.

281 Kounye a, "vennkat granmoun yo." M vle n remake yo pat Èt Anjelik. Zanj pa asosye, Èt Selès pa asosye ak kouwòn ak twòn. Ou wè, yo pa janm asosye, yo se Zanj, yo pat janm genyen batay. Si n remake on tikal pi ta, chante ke yo te chante, ak bagay, te pwouve ke yo

pat sa. Ou wè? Yo te chante chante redanpsyon an; kidonk, Zanj pa bezwen rachte. Ou wè? Trè byen. Men yo te dè zòm rachte.

282 M pa...noumenm moun yo, m pap gen tan pou m wè sa a. Men noumenm k ap ekri, si n vle konnen yo te dè zòm rachte, pran Matye 19:28, trè byen, 19:28, Matye, Apokalips 3:21, apresa pran sa yo, Apokalips 20:4, Apokalips 2:10, En Pyè 5:2 ak 4, De Timote 4:8. Sa pral kite nou konnen ke yo rachte. M vle al nan sa a maten an, ou wè. E n ka jis fouye sa pandan dè semèn, ou wè. Yo pat-yo pat Èt Anjelik, yo pat Èt Selès, yo te dèzòm rachte. Ou wè? Ou ka konsidere rad yo, fason yo te abiye; ou ka konsidere pozisyon yo, sa yo te genyen; ou ka konsidere chante yo, sa yo te chante; e konnen ke yo pat Èt Anjelik. Hmm.

283 M rayi rive la a, men ann li yon Ekriti an plis. Èske n vle? Trè byen. Ann tounen nan Danyèl 7, jis on moman, dèyè isi a, Danyèl 7, epi jis li on Ekriti isi a. M vle...kidonk sa pral ede nou anpil nan rès mesaj la maten an. M sèten ke sa pral-sa pral fè nou santi nou pi byen anpil apre n li sa epi wè sa, wè sa Danyèl, chapit 7 la nan Danyèl, epi ann kòmanse kounye a apati de...Danyèl 7, ann pran chap-...9 la...vèsè 9. Kounye a, koute bagay sa yo byen kounye a:

E...Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon bann fotèy. E Granmoun lan ki te la depi nan konmansman vin chita sou yonn nan fotèy yo. Rad ki te sou li a te blan kou nèj. Cheve nan tèt li te tankou...lenn mouton byen pwòp. E fotèy li a te tankou flanm dife, (Ou wè ankò, retounen nan dife emwod sa a.) e li te moute sou wou ki te tankou chabon dife tou limen.

E...Dife t'ap koule soti nan fotèy la devan li tankou yon larivyè. Te gen milye fwa milye moun la ki t'ap sèvi l'. Te gen dimil fwa dimil moun (Men Rachte nou an k ap vini.) kanpe la devan l. E jijman te pare, e liv yo (liv yo, pliryèl) te louvri.

284 Kounye a, remake, jijman sa a te pare. Ou wè? Kounye a, gade. Danyèl, lè I te wè twòn yo nan jijman an, yo te vid, li te wè "twòn yo ki te vire, desann sot nan Syèl, Ansyen nan tan an te desann sot nan Syèl." Men lè Jan te wè l, Jezi te deja chita sou Twòn lan, e twòn yo pou disip yo ak patryach yo, ki te rachte, te deja ranpli. Ou wè? Danyèl te wè l senksan zan anvan tan Kris la. Epi apre Kris, sa fè demil senksan zan, e Jan t ap viv lòtbò a nan laj ki dwe vini an, e li te fin wè tout sa a ki pase. Kote, Danyèl pat wè l, (Ou wè?) li te fèk wè Ansyen tan an ki vini; li te wè L vini. Men lè Jan te wè L, Twòn lan te ranpli, ou wè, twòn yo te vire ak Ansyen tan an, e Jijman te pare. Men lè Jan te wè L, ansyen yo potko chwazi nan tan Jan an...oswa nan tan Danyèl la, men yo te deja rachte nan fen tan an...?...O la la! O, èske sa pa...Èske L pa mèveye?

285 Kidonk, Danyèl 7, li...kisa Danyèl te fè? Li te wè Jijman an davans, te wè fotèy pou chita yo ki te vid. Ou wè. yo te sipoze vid. Kòm Jan nan tan pa I, apre Legliz anlve a, ansyen rachte yo te chita sou yo. Hmm.

286 Kisa on *ansyen* vle di? Si n pran mo *ansyen* an, m gen apeprè...tout definisyon yo ekri isi a, m jis ap sote desann. *Ansyen* vle di "chèf on vil" oswa "chèf on tribi." Yon *ansyen*, "on chef on bagay." Tankou m-m t ap on...Frè Neville kounye a menm s on *ansyen* nan legliz sa a. Kisa I ye? Li se tèt kò lokal sa a. Ou wè? E majistra vil la t ap on *ansyen* pou vil sa a; ou wè, *ansyen* vil yo. Nou sonje anvan nan tan Bib la, *ansyen* vil yo? *Ansyen* vle di "chèf on vil" oswa "chèf on tribi."

287 Kounye a, konbyen yo te ye? Vennkat, vennkat *ansyen*. Èske se sa? Kounye a...O la la! Kimoun li te ye? Douz apot yo ak douz tribi Izrayèl yo, douz patryach yo. L...Kounye a, nou pral pran I desann dwat jouk nou vin nan lòt lesion yo, epi pwouve ke sa se vre, konsa nou, m kontan n ap ekri I kounye a . Ou wè? Douz patryach yo ak douz tribi Izrayèl yo! Kounye a, gade. Jezi te di ke...

288 Pyè te mande on jou, te di: "Kisa nou pral resevwa? Nou kite papa, manman, mari, madanm, pitit, tout lòt bagay, nou kite tout bagay." Pyè te di: "Nou kite madanm nou yo, nou kite pitit nou yo, nou kite papa nou ak manman nou, lakay nou ak peyi nou, pou swiv Ou."

289 Li di: "An verite, an verite M di nou, ke n ap chita sou douz twòn ap jije douz tribi yo." Men nou, sa se rachte a, *ansyen* ki rachte yo.

290 Gade-gade David k ap bay pòtre Kris. Ou wè? Lè David t ap vini nan pwisans, premye bagay la, li te g on moman tèrib anvan I t antre nan pwisans. Poutan I te gen onksyon an sou li, ya, onksyon an te sou li. E anpil moun te panse "Li te jis on ti rebèl, on ti mouche ki te diferan, ap eseye chire on bagay." Men gen kèk nonm ki te konnen ke I t ap vin wa, yo te rete avè I. Frè, m vle di nou pa ta ka kenbe yo lwen li, antan yo tap vanse.

291 Yon jou li te kanpe sou mòn lan, te gad anba epi te wè pwòp vil li, li renmen an ki sènen pa lènmi. Epi I te kanpe la a epi te sonje lè I t on ti gason, li te abitye fè mouton soti la a epi bwè dlo sa a, se t on vrè dlo. (Nou te pale de sa isi a sa pa fè lontan, Dlo Lavi Yo.) E men I la a: "Panse, m te bwè nan sa a."

292 E pi piti nan sa I te vle yo se t on lòd pou nenpòt nonm li te genyen. Frè, de nan mesye sa yo te pran nepe yo epi te batay atravè vennkat kilomèt Filisten, ap rache yo dwat a gòch, pou pran on vè dlo pou li sot nan pi sa a. Yo te konnen li t ap vin nan pwisans. Wi, mesye. Yon fwa, youn nan yo, pou sove I, te sote nan on gwo fose epi te touye on lyon, pou kò I. Yo

te dè gerye. E lè-lè I vin nan pwisans, nou konn sa I te fè? Li fè yo chak on dirijan sou on sèten vil.

293 Ou wè Kris la a? “Sila ki genyen batay la va dirije sou on vil.” Venkè yo! Jodi a lè n wè L ap vini nan pwisans, Kris pral reye nan mond sa a. Almay, ak Etazini, ak tout dwe tonbe, tout nasyon dwe tonbe. Wayòm mond sa a vin wayòm Bondye nou an ak Kris Li, e L ap gouvène epi reye sou yo. Se vre.

294 Nou konnen L ap vini nan pwisans, konsa pi piti nan sa L vle yo se on lòd pou nou! “Li vle m reprezante L nan on ti bout Timbuktu kote pa gen senkant kòb kòm lajan, kote pa g anyen, oswa on pakèt moun pòv,” sa s on bagay Li vle. Amèn!

295 “Ou pa bezwen pran otan, ou pa bezwen fè sa a, jis kite m konnen Li vle ale.” Amèn. Se tou.

296 “Si L vle m f on bagay diferan, aji diferan,” tankou sè sa yo ak bagay sa yo, “si L vle m f on sèten bagay, beni Bondye, s on privilèj pou m fè I.” Men li! Nou konnen L ap vin nan pwisans, sa pa enpòtan sa mond lan di. “Si m dwe mete tout pwa sou kote epi peche anvayi m fasil, kite m kouri ak pasyans nan kous ki prezante devan m lan. Kite m gade Otè ak Finisè Lafwa nou, Jezikri.” Ap vini nan pwisans!

297 “Ansyen” sa a, vennkat ansyen yo. Trè byen. Douz...Nan Apokalips, nou jwenn sa a. Nan Liv Apokalips la, apeprè chapit 21, nou jwenn ke lavil Jerizalèm, te gen douz fondasyon. Se vre? E I te gen douz pòtay, se te twa sou chak bò, twa fwa kat se douz. Jis egzakteman fason tabènak la drese nan dezè a, paske Jan te di egzakteman epi te wè egzakteman menm bagay ke Moyiz te wè lè I t anwo la a, menm bagay ke Pòl te wè.

298 E kounye a nou remake ke douz fondasyon yo te non apot yo. E douz pòtay yo te g on non chak tribi sou pòtay la. Kijan n gade sa epi wè douz ansyen sa yo, douz tribi yo, douz apot yo, douz fondasyon yo, douz pòtay yo! O la la! Pran chif Bondye sa yo epi nou pa ka rate I pyès kote, I ap atenn bi a tout kote chak fwa.

299 Se pou rezon sa a, ou wè, nou gen sis jou sa yo ke mond lan te travay, e nou toupre nèt setyèm jou sa a kounye a. Premye demil an yo, Bondye te detwi dlo a...lemonn ak dlo. Dezyèm demil an yo, Kris vini. Sa se 1961, dwat nan pòt la, jis on ti tan. Epi gade, Jezi te di: “Kounye a, li pap kouri al jouk nan bout nèt,” Li te di: “paske M ap dwe koupe travay la kout. Si M pa fè I, bonm atomik la ap detwi tout chè. En-en. Pou byen Eli yo, M ap koupe travay la kout nan jistis. Koupe I, on pati nan tan an.” Ou wè, apresa demil an yo’ Milenyòm, gran Jou an.

300 Pandan Legliz la t ap travay di kont peche pandan simil an, epi setyèm mil la se Milenyòm. Tankou Bondye te fè simil an pou bati mond lan, epi setyèm mil la Li te repoze de tout travay Li yo. E Legliz la travay di kont peche pandan simil an, e setyèm mil la Legliz la repoze.

301 Rad blan yo ki te sou ansyen yo se jistis Sen yo. *Blan* an vle di “jistis.” E paske yo te met *rad*, sa te montre yo te “prèt oswa jij,” abiye ak rad blan, prèt, jij, pwofèt, latriye; ou wè, sa yo te ye. Yo te abiye ak rad blan, vennkat ansyen yo. Pral gen vennkat ansyen. Pral gen douz nan yo pou douz tribi Izrayèl yo; douz apot yo pou Legliz la.

302 E yo chita nan tribunal gran Wa a. Sonje, yo chita deyò la a, *sila* yo chita. E *isi* a se Epouz la ak Kris ki chita sou Twòn Li, e Madanm Li chita bò kote L, Legliz la. Vennkat ansyen yo...Sankarannkat mil enik tanp lan ap sèvi L. Kote L leve, Madanm Li al avè L. O, O la la! Atravè gran Laj sa a k ap vini an, lè tout peche a ak sa k sanble peche yo...

303 Tout gwo, bèl bildin ke moun sitèlman ap cheri jodi a, tout lajan an ak lanvi ak tout peche a ak bèl fanm ak gason, ak kèlkeswa sa yo eseye fè kò yo, on bagay oswa on lòt, pou I s on atrap pou dyab la voye nanm yo nan lanfè, ap peri epi pouri, epi vè sou po yo ap manje l. E premye bagay, vè sou po yo...tout sa yo te janm ye ap jis al nan on dife vòlkan pou retounen nan anyen ke pousyè eksplozyon ak-ak tout sann vòlkan.

304 Men youn nan jou maten sa yo, zanmi, youn nan jou maten sa yo, lè tout sa a fini, I ap fleri ankò. Chan yo ak fèy trèf yo ki blanchi ak pafen an-an ki sot nan woz la pral mele ak fle ki sot nan Pyebwa Lavi a, e Kris pral retounen yon jou maten. Lè gwo zwazo yo, kolom yo, pral chita nan pyebwa yo epi roukoule, epi pap gen lanmò ankò ni chagren ankò. Kris ak Rachte L la pral retounen sou latè; pa granmoun, men jenn pou tout tan. Imòtèl, n ap kanpe nan resanbans Li, n ap klere pi plis pase solèy la ak zetwal yo.

Mwen mare pou bèl vil sa a

Ke Seyè m pare pou Pwòp Pa L yo;

Kote tout rachte tout laj yo

Va chante “Glwa!” nan viwonn Twòn Blan a.

Yon lè m ap gen mal peyi m pou Syèl la

E pou m gade glwa anlè a;

Al on lajwa sa pral ye lè m wè Sovè mwen an,

Nan bèl lavil lò sila a!

Ala m anvi wè L! O, m vle wè L!
Mwen mare pou bèl Vil sa a!

305 Jan te wè l, sou zile Patmòs lan, k ap desann tankou yon Epouz ki dekore pou mari l.
M vle gade glwa li, yon jou.

M vle wè L, epi gade figi L,

La a pou m chante tout tan sou gras Li ki sove;

Nan lari Laglwa yo kite m leve vwa m;

Tout traka pase, m lakay anfen, pou m rejwi pou tout tan.

306 Ti glise chape ak patinen nan nèj la, ti chalè ak traka jou an; m swete madan m mwen ak
Mabel ta vini epi chante chante sa a pou mwen, si m-m te kapab: "Traka nan wout la pap
sanble anyen, lè m vin nan bout chimen an." Se vre.

307 M sonje nwit lè m te kite legliz la pou m kòmanze nan travay evanjelik la, lè nou tout t
ap kriye; pa ret okenn nan yo, apèn, petèt kèk nan nou isi a. Sè ak Frè Spencer, ak petèt kèk
nan ansyen yo te pati, lè yo te kriye isi a. Men lè Sentespri a te di: "Ou dwe ale!"

308 E m sonje premye reyinyon m apre m te pati pandan dè mwa, Meda desann nan
Jonesboro, Becky te on ti bebe touppiti, desann nan vye tren Cottonbelt la, sa pran yo dè jou
pou vin la a. E m te kanpe deyò la a lè l antre nwit sa a. Nou te eseye al nan oditoryòm lan, a
on distans twa blòk kay, polisyè yo t ap kenbe lari yo kon sa. Lari yo te menm plen. Te dwe,
mennen m nan lari yo epi vire tounen pou antre nan kote a. Meda te di: "Èske yo te vin tandem
w preche, Bill?"

309 M di: "Non." Apresa nou te chante:

Yo soti nan Lès ak Lwès,

Yo sot nan peyi ki lwen,

Pou fete ak Wa nou, dine kòm envite L;

Ala pèlren sa yo beni!

Ap gade figi sakre L

Klere ak lanmou diven;

Patisipan beni gras Li,
Kou bijou pou klere nan kouwòn Li.

O, Jezi ap vini byento,
Eprèv nou ap fini lè sa a.
O, e si Seyè nou ta dwe vini moman sa a
Pou sila yo k libere anba peche?
O, lè sa a èske l t ap pot lajwa pou ou,
Oswa chagren ak gwo dezespere?
Lè Seyè nou an vin laglwa,
N ap rankontre L anlè a.

310 Amèn! O, m renmen L! Èske sa t ap pot chagren ban nou ak gwo detrès, oswa sa t ap pot lajwa pou nou? Lè Seyè nou an vini nan laglwa, n ap rankontre L anlè a. Ak panse sa yo nan lespri nou, ann bese tèt nou. Si Seyè a vle, m ap fini sèvis sa a yon lòt moman.

311 Papa nou ki nan Syèl la, o, y ap sot nan Lès ak nan Lwès, y ap sot nan peyi byen Iwen. M ap panse a gran Anlèvman sa a. Moun mwen te preche ba yo an Afrik, End, ak toupatou nan lemonn, kijan m va wè figi yo ankò. Anpil nan yo ap kriye, soti pou al nan avyon an, epi ap apiye sou kloti yo epi ap rele epi ap kriye. M ap panse a lè apresa yo te soti ak Pòl on fwa, te met ajenou epi te lapriyè. Li te di: "M sèten okenn nan nou...anpil nan nou isi a pap wè figi m ankò."

Men y ap sot nan Lès ak Lwès,
Y ap sot nan peyi ki Iwen,
Pou fete ak Wa nou, dine kòm envite L;
Ala pèlren sa yo beni!
Ap gade figi sakre L (nan Glwa emwod la)
Klere ak Limyè Diven; (Pa jis on limyè lanp oswa on limyè bouji, men-men Limyè Diven, klere ak Limyè Diven.)

Patisipan beni gras Li,

Kou bijou pou klere nan kouwòn Li.

O Bondye!

Lè chabon dife te manyen pwofèt la,

Fè l vin pi otan ke pi ka ye,

Lè Vwa Bondye te di: "Kimoun ki pral pou nou?"

Lè sa l te reponn: "Men mwen, voye m."

312 O, voye Zanj lan maten an, Cheriben yo ak sis zèl yo, jan Ezayi te wè yo, ap vole nan bildin lan, ap rele: "Sen, sen, sen, pou Seyè a." Epi Ezayi jenn pwofèt la te di: "Bouch mwen pa pwòp, e m nan mitan moun ki pa pwòp, e je m te wè Glwa Seyè a." Kolòn yo te bouje nan tanp lan. E yon Zanj te pran lang soti nan lotèl la, epi pran on chabon dife epi mete l sou bouch li, di: "M netwaye bouch ou. Kounye a pwofetize, fis de lòm." Voye Zanj lan maten an, Seyè, netwaye bouch nou retire tout bagay degoutan. Netwaye kè nou, epi antre, Seyè. Kraze pwòp volonte an. Sa...kite volonte m (nan Ou) se Volonte Pa W, Seyè. O, ke Volonte W nan mwen, O Bondye. E kite mwenmenm ak legliz mwen ak moun mwen yo pou ou, O Seyè. Nou remèt tèt nou ba Ou.

313 E kòm powèt la te kontinye pou di, Papa:

Milyon moun ap mouri kounye a nan peche ak lawont; (Lòtbò an Afrik, anba an End, toupatou nan lemonn, dè milye pa è, epi ap rankontre W san yo pa konnen W.)

Milyon moun ap mouri kounye a nan peche ak lawont; (Poutan, Bondye, sa rache nam mwen an myèt moso pou m panse a sa.)

Koute rèl chagren ak rèl anmè yo;

Prese, frè, prese al nan refij yo;

Reponn rapid: "Mèt, men mwen."

314 Akòde l, Seyè, akòde l ankò. M te fè tout kalite erè, Papa, pandan ane sa k sot pase a, m priye ke W padone m pou yo. E nan Nouvo Ane sa a, Seyè, wenn mwen ankò. Kite m al jwenn milyon moun sa yo ki chita lòtbò a nan peche ak lawont, k ap mouri, pote gran revelasyon sa a de Verite W la pou yo, pote onksyon Sentespri a pou yo; konsa nan jou sa a yo ta ka sot nan Lès ak Lwès, ap klere tankou bijou nan Kouwòn Ou. Ede m, Seyè, pou m

desann epi pwospekte ep detere yo nan tè a, pousyè latè a, bagay sal ak kras ke y ap viv ladann lan. E kite yo wè on Bondye Sen ki fè yo pwòp epi viv tankou Kretyen, sanktifye epi pi devan W; vire do bay sa k pa bon, bay tout kalite amizman lemonn, epi vire al jwenn yon Bondye vivan, epi fè yo vin delege Wayòm Ou pou gran jou sa a.

315 Sanktifye ti legliz sa a maten an, Seyè. Sanktifye chak moun isi a ak Lespri W, epi kite Sentespri a vin nan kè yo, chak nan nou. Rafrechi Lespri a nan sila yo ki déjà re-...louvri kè yo atravè pwòp volonté yo, ki renye pwòp volonté yo epi vini pou konn Volonte Pa W.

316 Sila yo ki jenn, Seyè, anpil nan yo jis ti bebe. Kijan ke W nouri yo nan bra W! Kijan on manman pran swen ti pitit li, siye dlo ki sot nan je yo epi-epi ba yo dè bagay espesyal paske l renmen yo. Se konsa W renmen ti bebe ki fèk fèt Ou yo, Seyè. Yo pokò ka mache, yo pa menm ka pale. Sèl bagay yo ka fè se kriye epi gade Manman. O Bondye, kenbe yo nan bra W, ak tandrès, tankou ti ayo, epi kondwi yo jouk yo vin gen matirite ke yo ka mache. Lè sa a kondwi yo, Seyè, atravè chimen sèvis yo. Akòde l.

317 Padone nou peche nou yo, menm jan nou padone sila yo ki peche kont nou. Pa kondwi nou nan tantasyon, men delivre nou anba sa ki mal. Paske Wayòm lan pou Ou, ak pwisans lan, ak glwa a, pout tout tan, nan Non Jezikri. Amèn.

318 Bondye beni nou! M konfyan ke Seyè a te fè on bagay pou nou maten an pou fè nou kòmanse Nouvo Ane a sou gress bagay sa a, ke w renmen Jezikri, e yon jou ou vle wè Li epi renmen L epi viv avè L pou tout tan. Se sa m vle ke okenn nan nou pap pèdi, konsa nou tout va sove epi ranpli ak Sentespri a, epi prezèvè jouk nan jou Vini L sa a, paske m kwè byento li toupre.

Kounye a m tounen remèt sèvis la bay Frè Neville.